ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРҒЫ ҲӘ!М ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ

**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРҒЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

«Мәмлекетлик ҳуқық ҳәм басқарыў» кафедрасы

# ПИТКЕРИЎ ҚӘНИГЕЛИК ЖУМЫСЫ

Тема: «Суд-ҳуқық системасын реформалаўдың Конституциялық ҳуқықый тийкарларын жетилистириў машқалалары»

Илимий басшы: ю.и.к., доц. Реймова З.А.

Орынлаған: 4-курс студенти Нурымбетов

**НӨКИС-2012**

М А З М У Н Ы:

Кирисиў……………………………………………………………………….3
1-БАП. Өзбекстан Республикасы Конституциясы мәмлекетимизде әмелге асырылып атырган суд-ҳуқық реформаларының тийкары…………….........................................................................................6
1.1. Конституция суд-ҳуқық реформаларының тийкаргы дереги сыпатында………………………………….……………………………6
1.2. Суд ҳуқық реформаларының инсаныйлық принциплерине садықлығы…………………...........................................................................14

2-Бап. Өзбекстан Республикасында суд ҳәкимиятының қәлиплесиўи ҳәм судлар ислери бойынша қәнигелесиўи, суд ислерин жүргизиўдиң ҳуқықый тийкарлары…………………………………….…………………………….26

2.1.Ғәрезсиз Өзбекстанда суд ҳәкимиятының қәлиплесиўи реформа басқышлары…………………………….……………………….….….26
2.2.Судлардың жынайый, пуқаралық ҳәм хожалық ислери бойынша қәнигелесиўи………………………….……………………………......28
2.3.Суд ислерин жүргизиўде апелляция ҳәм кассация институтлары………………………….…………………………………….36

Жуўмақ……………………………….……………………………………48
Пайдаланылған әдебиятлар……………….……………………………..53

## Кирисиў

«Өзбекстан-келешеги уллы мәмлекет. Бул-ғәрезсиз, демократиялық, ҳуқықый мәмлекет. Бул-адамгершилик қағыйдаларына тийкарланған, миллети, дини, социаллық шығысы, сиясий исенимлерине қарамастан пуқаралардың ҳуқықлары ҳәм еркинликлерин тәмийнлеп беретуғын мәмлекет».[1]

Мәмлекетимизде демократиялық жаңалаўдың бүгинги басқышындағы ең әҳмийетли бағдарларынан бири, бул – нызам үстинлиги ҳәм нызамшылықты беккемлеў, инсан ҳуқықы ҳәм мәплерин исенимли қорғаўға қаратылған суд-ҳуқық системасын избе-из демократияластырыў ҳәм либералластырыўдан ибарат. Бир сөз бенен айтқанда, журтымызда ҳуқықый мәмлекет тийкарларын және де жетилистириў ҳәм халықтың ҳуқықый санасы ҳәм мәдениятын раўажландырыў биз ушын шешиўши ўазыйпа болып қалмақта. Соның ушын да, биз ғәрезсизликтиң дәслепки жылларынан баслап реформалардың бул жөнелисине айрықша итибар қаратқанымыз тосыннан емес. Әне усындай жантасыў себепли бул бағдардағы жумыслардың көлеми, абырайы ҳәм нәтийжелилиги соңғы он жылда барынша кеңейип, жаңа басқышқа көтерилгенин көплеген мысалларда көриў мүмкин. Дәслеп, суд ҳәкимиятын басқышпа-басқыш беккемлеп барыў, судтың еркинлигин тәмийинлеў, оны бурынғы системада болғаны сыяқлы репрессия қуралы ҳәм жазалаў уйымы сыпатындағы уйым емес, бәлким, инсан ҳәм пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин исенимли қорғаўға хызмет ететуғын шын мәнисиндеги ғәрезсиз мәмлекет институтына айландырыўға қаратылған кең көлемли шөлкемлестириў-ҳуқықый ис-илажлар әмелге асырылды.

Суд-ҳуқық реформаларының тийкарғы мәселелеринен бири, әдил ҳәм инсан ҳуқықларына ҳүрметлеўди тәмийнлеўши ҳуқықый ҳәм суд системасысыз ҳеш қандай раўажланыў болмайды. Ғәрезсизликке ерисиў астанасында ҳәм ғәрезсизликтиң дәсоепки күнлеринен баслап-ақ

---

[1] Каримов И.А. Ўзбекистон: миллий истиқлол, иқтисод, сиёсат, мафкура. Т. 1. – Т.: Ўзбекистон, 1996. 1-т. 44-бет.

Өзбекстанда мәмлекетлик ҳәм жәийетлик турмыста демократиялық тәрептен және де жаңаша ҳәм суд-ҳуқық системасын реформалаўға кирисилди[1].

Бүгинги күнде пуқаралар нызамлы күшке кирген биринши инстанция суд қарарынан наразы болған жағдайда, өз ҳуқық ҳәм нызамлы мәплерин кассация инстанциясында, өз адвокаты қатнасында тиккелей қорғаў имканына ийе болды. Солай етип, пуқаралардың биринши инстанция судларының қарарларын байланыслы шағымларды жасырын, жабық тәризде көрип шығыў тәртиби биротала тамамланғанын атап өтиў лазым. Әмелге асырылған өзгерислер анализи сонны көрсетеди, енгизилген жаңалықлар биринши инстанция судлары тәрепинен жол қойылған қәтелерди өз ўақтында дүзетиў, суд хызметинде өзи боладылыққа жол қоймаслықтың әҳмийетли кепилине айланды. Бул бойынша төмендеги санларға итибарыңызды қаратпақшыман. Егер, 2000-жылда суд қәтелериниң дерлик ярымы қадағалаў тәртибинде дүзетилген болса, 2009-жылдың жуўмақларына көре, бундай ҳалатлардың 85 проценттен асламы апелляция ҳәм кассация тәртибинде сапластырылған[2].

Ҳәзирги ўақытта мәмлекетимизде прокурор ҳәм адвокаттың теңлигин, жынаят ҳәм пуқаралық ислери бойынша суд хызметиниң барлық басқышларында өз-ара тартысыў болыўын тәмийинлеўге, әдил судлаўдың сапасы ҳәм жеделлигин асырыўға қаратылған кең көлемли ис-илажлар избе-из әмелге асырылмақта.

Суд ҳәкимиятының шөлкемлестирилиўи ҳәм әмел етиў тийкарларын белгилеўши бир қатар нызамлардың қабыл етилиўи сөзсиз жәмийетти демократластырыў барысындағы қатақ утыслар қатарына киреди. Олар қатарына Өзбекстан Республикасының «Судлар ҳаққында»ғы Нызамы, «Өзбекстан Республикасының Конституциялық суды ҳаққында»ғы Нызамы,

---

1 Ўзбекистон Республикаси Президенти И.А.Каримовнинг «Ўзбекистон мустақилликка эришиш остонасида» китобини ўрганиш бўйича ўқув-услубий қўлланма. Тошкент-2012. Б-81.

2 Каримов И.А. «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы». 2010-жылы 12-ноябрь Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа Мәжилисиндеги баянаты.

Пуқаралық, Пуқаралық процессуал, ҳожалық процессуал, жынаят ҳәм жынаят–процессуал кодекслери, ҳәкимшилик жуўапкерлик ҳаққындағы кодекс ҳәм басқа нызам ҳүжжетлери киреди. Суд ҳәкимиятының бирден–бирлиги судялардың ғарезсизлиги, суд корпусының қәлиплестириўин белгилейтуғын ҳуқықый қағыйдалар сондай–ақ судлар жумысын финансластырыў ҳәм материаллық–техника тәмийнлеў мәселелери тап усы ҳүжжетлерде баян етилген. Процессуал кодекслерде болса ҳуқықый демократиялық мәмлекет қурыў шәраятында әдил судлаўды әмелге асырыў принциплери, халықаралық қағыйдаларға, талапларға муўапық болған суд ислери жүргизиў қағыйдалары: суд ислерин жүргизиўде тартысыў айыпсызлық презумпциясы процессте тәреплердиң теңлиги ҳәм басқа принциплер өз көринисин тапты.

Усы менен бир қатарда суд ҳәкимиятының жаңа дүзилмелери (Конституциялық суд, хожалық ҳәм әскерий судлар) жаратыў ислери де алып барылады. Жәмийет турмысы гүркиреп раўажланды. Барлық тараўларда түп реформалар әмелге асырылды. ҳуқықый мәмлекеттиң беккемленип барыўы суд реформасын тереңлестириўди, әдил судлаў системасын демократластырыўды талап қылады.

Бул қәнигелик жумыста суд системасында әмелге асырылып атырған реформалардың әҳмийети ҳәм бағдары, олардың мақсетлери ҳәмде ўазыйпалары анық ҳәм түсиникли тәризде баян етилген. Усы менен бир қатарда онда өткизилип атырған реформалардың өзине тәнлиги ҳәм айырықша өзгешеликлерин басқа мәмлекетлетлердеги усыған уқсас процесслерден парқын салыстырыў жолы менен ашып бериўге ҳәрекет етиледи.

## 1-БАП. Өзбекстан Республикасы Конституциясы мәмлекетимизде әмелге асырылып атырган суд-ҳуқық реформаларының тийкары.

### 1.1.Конституция суд-ҳуқық реформаларының тийкаргы дереги сыпатында.

Конституция-бул мамлекеттиң тийкарғы нызамы болып оның социал-сиясий, социал-экономикалық табиятын сәулелендиреди. Конституция бул мәмлекеттиң ҳуқықый негизи болып, оның тийкарында ҳәкимият ҳәм пүтин мәмлекет механизми ис жүритеди. Конституция пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлейди ҳәм қорғайды, социал раўажланыўдың тийкарғы бағдарларын, экономикалық, сиясий, социал-мәдений раўажландырыўды белгилеп береди.

Ғәрезсиз Өзбекстан Республикасы Конституциясының қабыл етилиўи суд системасын жаңалаў, оны демократияластырыў процессине салмақлы түртки болды. Судта инсан ҳуқықларын қорғаўдың исенимли қуралы - ҳуқықый мәмлекеттиң жүдә әҳмийетли институтына айландырыў биринши гезектеги ўазыйпа болып қалды.

Демократиялық ҳуқықый мәмлекет қурыў жолын таңлаған Өзбекстан Республикасында ғәрезсизликтен соңғы суд реформаларын өткериў, суд ҳәкимиятын ҳақықый ғәрезсиз ҳәкимиятқа айландырыў тийкарғы мақсетлерден бири етип белгилеп алынды.

Президентимиз И.А.Каримов «Суд реформасын тереңлестириў ҳәкимияттың үшинши ғәрезсиз ҳәм бағынышлы болмаған тармағы сыпатында пүтин әдил судлаў дизимин демократластырыў - ҳуқықый мәмлекетти беккемлеўдиң және бир әҳмийетли жөнелиси» -деп атап өтеди. ҳәмде жәмийетти демократластырыў жолында сиясий дизим субъектлеринен айрықша болған мәмлекет ҳәкимияты, атап айтқанда суд

ҳәкимиятын түптен реформаластырыўдың әҳмийети зарүрлигин қатаң түрде белгилеп береди.[1]

Өзбекстан Республикасы Конституциясының 11-статьясында Өзбекстан Республикасында ҳәкимият нызам шығарыўшы, атқарыў ҳәкимияты менен бирликте суд ҳәкимияты ҳаққында атап өтилген.

Өзбекстан Республикасында суд ҳәкимияты нызам шығарыўшы ҳәм атқарыўшы ҳәкимиятлардан, сиясий партиялардан, басқада жәмийетлик бирлеспелерден ғәрезсиз түрде жумыс алып барады.

Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримовтың парламент палаталары қоспа жыйналысындағы баянатында атап өткендей адамды услап турыў, қамаққа алыў, сондай-ақ, басқа да процессуал мәжбүрлеў шараларын қоллаў ушын санкция бериў ҳуқықын судқа өткериў, жазалаў дизиминен өлим жазасын шығарып таслаў ҳәм оны өмирлик яки ўзақ мүддетли еркинен айрыў жазасы менен алмастырыў, суд ҳәм ҳуқық қорғаў уйымлары хызметкерлери жуўапкешилигин күшейтиў менен байланаслы ўазыйпаларды жәнe бир мәрте еслетип өтиў орынлы.

Конституцияның 25-статьясында нызам менен нәзерде тутылған жағдайдан ҳәм тәртиптен басқа пайтларда ҳеш ким нызамсыз қамаққа алыныўы яки қамақта сақланыўы мүмкин емес деп көрсетилген, ал 26-статьясында болса жынаят ислегенликте айыпланып атырған ҳәр бир шахстың иси судта нызамлы тәртипте, ашық түрде көрип шығылып, оның айыбы анықланбағанша ол айыпкер деп есапланбайтуғынлығы көрсетилген.

Усыған тийкарланып демократияны жәнеде раўжландырыў, инсан ҳуқықларын қорғаўды жәнеде күшейтиў мақсетинде Президентимиз тәрепинен 2005 жыл 8-августта қабыл етилген «Қамаққа алыўға санкция бериў ҳуқықын судларға өткериў ҳаққында»ғы Пәрман[2] үлкен әҳмийетке ийе. Бул Пәрман 2008 жыл 1-январдан күшке кириўи белгиленген болып,

---

[1] И.А.Каримов "Мамлакатимизни модернизация қилиш ва кучли фуқаролик жамияти барпо этиш-устувор мақсадимиздир". Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенатининг қўшма мажлисидаги маъруза, 2010 йил 27 январь

[2] Халқ сўзи 2008, 10-августь.

бунда «суд ҳуқық системасын жәнеде либералластырыўдың ең зәрүр ўазыйпасы судқа дейин тергеў басқышында пуқаралардың конституциялық ҳуқықларын жетерли дәрежеде қорғаў бойынша суд ўәкилликлерин кеңейтиў, биринши гезекте қамаққа алыўға санкция бериў ҳуқықын прокуратура уйымларынан судларға өткериўден ибарат болып есапланады»-деп атап өтилген. Усы Пәрман Өзбекстан Республикасы суд ҳәкимияты ҳуқықларын дүньяның раўажланған демократиялық мәмлекетлер дәрежесине көтереди. Бул Пәрманға көре 2008 жыл 1-январдан баслап жынаят қылғанлықта гуманланған ҳәр бир адамды қамаққа алыў ҳәмде оның қамақта услап турыў мүддетлерин узайттырыў тек ғана жынаятлы ислер бойынша судлар тәрепинен ғәрезсиз түрде тек ғана нызамға асасланған ҳалда әмелге асырылады.

Конституция бойынша Өзбекстан Республикасында суд дизими 5 жыл мүддетке сайланатуғын Өзбекстан Республикасы Конституциялық суды, Өзбекстан Республикасы Жоқары суды, Өзбекстан Республикасы Хожалык суды, Қарақалпақстан Республикасы пуқаралық ҳәм жынаят ислери бойынша жоқары судлары, Қарақалпақстан Республикасы Хожалық Суды ҳәм сол мүддетке тайынланатуғын пуқаралық ҳәм жынаят ислери бойынша областлық ҳәм Ташкент қалалық судлары, пуқаралық ҳәм жынаят ислери бойынша районлар аралық, районлық, қалалық судлары, әскерий ҳәм хожалық судларынан ибарат[1]. Нызам бойынша айрықша судлар дүзилиўине жол қойылмайды. Судьялар сенатор, депутат ҳәм сиясий партияларға ағза болыўына жол қойылмайды ҳәм олар илмий педагогикалық хызметтен тысқары басқа бир ис ҳақы төленетуғын жумыста ислеўи мүмкин емес. Нызам бойынша судьялар ғәрезсиз болып, олар әдил судлаўды әмелге асырыўда тек нызамға тийкарланады ҳәм олардың жумысына лаўазымлы шахслардың яки басқа пуқаралардың араласыўына жол қойылмайды. Судьялардың қол қатылмаслығы нызам менен кепилленген. Судьялардың турақ жайлары, жумыс ҳәм үй-жайы, олар пайдаланатуғын автотранспорт

[1] Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси. Т.: «Ўзбекистон», 2008, Б-30.

қураллары прокурордың рухсатысыз тинтиў өткерилиўине жол қойылмайды. Нызамға асас судьяның қарсысына жынаятлы исин тек ғана Өзбекстан Республикасы Бас прокуроры қозғаўы мүмкин.

Конституцияның 114-статьясына муўапық[1] суд ҳәкимиятының актлери барлық мәмлекетлик уйымлар, жәмийетлик билеспелер, кәрханалар, мекемелер, шөлкемлер, лаўазымлы адамлар ҳәм пуқаралар ушын миннетли.

Бүгинги күнде, барлығымызға белгили болғанындай мәмлекетимизде суд-ҳуқық тараўында рауажландырыўды басқышпа-басқыш әмелге асырыў жолға қойылған болып, реформалардың биринши басқышы; ғәрезсизлик қолға киргизилген дәуирден баслап 2000 жылғаша болған дәуирди өз ишине алады. Бул даўирде тийкарғы нызамымыз - Констигуция хәм баска бир қатар нызамлар қабыл қылынған болып, усы хүжжетлердиң қабыл қылыныўы пукаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин мәмлекет Конституциялык дизимин қорғаў, нызам шығарыўшы ҳәм атқарыўшы хәкимият хүжжетлериниң Конституцияға муўапықлығын тәмийнлеў, нызамларды ҳәм басқа норматив хүжжетлерди орынлаў ҳәм қолланыўда нызамлылық ҳәмде әдилликти тәмийнлеўде тийкарғы буўын есапланатуғын суд хәкимияты тараўында искерлик алып барыўшы уйымлар тәрепинен жумысларды көрип шығыўын тәртипке салыўшы материаллық хәм процессуал нормалардың жаңа хуқықый системасының толық қәлиплесиўине хызмет етеди. Ҳуқық қорғаў ҳәм әдил судлаўды әмелге асырыўшы уйымлар искерлигинде нызамлылықты тәмийнлеў, инсан ҳуқықларын қорғаў eң зәрур кепили сыпатында суд хәкимиятының беккемлеў барысындағы реформалар дәслепки қәдем болды.

Президентимиз И.А. Каримов биринши басқыш машқалалары хаққында айтып өткенининдей: суд системасын реформаластырыўда, дәслеп, суд хәкимиятының шынында да беккемлилигин тәмийнлеўге итибар қаратыў лазымлылығын ҳәм усы арқалы судьялардың нызамға хәм хүжданына әмел қылып, айыплаўшы ҳәм қорғаўшы тәреплердиң

---

[1] Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси. Т. «Ўзбекистон», 2008 йил. Б-31.

пикирлерин әдил түрде есапқа алыў тийкарында әдил, нызамлы хүким шығарыўларын тәмийнлеўге ерисиў лазымлығын айтып өткен еди.[1] Президентимиз айтып өткениндей, тек ғана усы менен адамлардың судқа жазалаўшы уйым сыпатында емес, бәлким өз ҳуқықлары ҳәм еркинликлерин, мәплерин, қорғаў лазым болған уйым сыпатында көриўге ерисиў мумкин болады.

Жәмийетимиз өз алдына раўажланған демократиялық, әдил, пукаралық, ҳуқықый мәмлекет қурыўды бас мақсет етип қойды. Усы мәмлекеттиң тийкарғы ўазыйпасы шахс мәплерин, ҳуқықларын, тәмийнлеў екенлиги нызамшылық системамызда қатаң белгилеп қойылған. Усы алға қойған мақсетке ерисиў ушын барлық жәмийет тараўларында кең көлемли реформалар әмелге асырылды. Усы реформалардың әҳмийети бир үлкен басқышы бул суд-ҳуқық реформалары болып есапланады. Суд-ҳуқық реформаларын шәртли рәўиште төмендеги басқышларға бөлиў мүмкин:

Биринши басқыш, Өзбекстан Республикасының «Судлар хаккында»ғы ҳәм «Өзбекстан Республикасының Констутутциялық суды ҳаққында»ғы нызамларының қабыл қылыныўы ҳәм әмелге асырылыў басқышы болып есапланады. Усы басқышта судтың айрықша ҳәкимият тараўы екенлиги, оның ғәрезсизлиги, оның ҳәкимшилик буйрықпазлық дизим белгилеринен шетте қалған мәмлекетлик уйым екенлиги ҳуқықый тәрептен беккемленди.

Екинши басқыш, 2000 жыл 14-декабрьде «Судлар ҳаққында»ғы нызамының жаңа редакциясында қабыл қылыныўы ҳәм соның менен байланыслы әмелий илажларды өз ишине алады. Усы басқыштың ең әҳмийетке ийе жетискенлиги бар судлар негизинде дүзилген пуқаралық ислери ҳәм жынаят ислери бойынша судлардың айрықша дүзилгени болып есапланады. 2001 жыл биринши январынан баслап хызмет көрсете баслаған пуқаралық ислери бойынша ҳәм жынаят ислери бойынша айрықша судлардың дүзилиўин суд реформаларының зәрүр бир басқышы сыпатында

[1] Каримов И.А. Ўзбекистон. миллий истиқлол, иқтисод, сиёсат, мафкура. -Т.1. -Т.:Ўзбекистон.1996.–Б.322.

баҳалаў мумкин. Усы реформа тезда өзиниң жақсы нәтийжелерин бере баслады. Судларда тез ҳәм сыпатлы көрилиўине, пуқаралардың нызамлы ҳуқық ҳәм мәплерин, жәнеде нәтийжели қорғалыўына, пуқаралардың артықша әўерегершиликтен қорғалыўына ерисилди.

Үшинши басқыш, сыпатында И.А.Каримовтың «Бизиң бас мақсетимиз -жәмийетти демократияластырыў ҳәм жаңалаў, мәмлекетти модернизация ҳәм реформаластырыў» атлы Өзбекстан Республикасы Олий Мәжлис нызамшылық палатасы ҳәм сенатының қоспа мажилисиндеги темасында айтылған реформаларды ҳәм сол тийкарда нызамшылығымызға киритилиўи мүмкин болған өзгертиўлерди түсиниў мүмкин. Усы реформаның мақсети судтың толық нызамлы инсан ҳуқықларының қорғаўшысына айланыўына, судлардың ўәкилликлерин жәнеде кеңейтиў, судтың абройын жәнеде асырыўдан ибарат.

Суд ҳәкимиятының тийкарғы ўазыйпасы жәмийет ағзаларының Конституция ҳәм басқа нызамларында, инсан ҳуқықлары ҳаққындағы халықаралық ҳүжжетлерде жәрияланған ҳуқық ҳәм еркинликлерин, нызамлы мәплери бузылған ҳалда усы ҳуқықларды суд жолы менен қорғаў есапланады. Усы орында Өзбекистан Республикасы Олий суд пленумының суд ҳәкимиятына берген анықламасын еслетип өтиў орынлы деп есаплайман. Оған көре, суд ҳәкимияты – бул судлардың Өзбекстан Республикасы Конституциясы ҳәм нызамлары үстинлигин принципине сөзсиз әмел қылыў тийкарында жынайый, пуқаралық, хожалық ислерин ҳәм ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы ислерди көриў бойынша ўәкиллиги есапланады». Солардан, Конституциялық бақлаў ўәкиллиги де суд ҳәкимиятына тийисли есапланады. Усы ўәкиллик болса, судларды тек шахс тағдири мәселесин, бәлким жәмийет тағдирине тийисли мәселелерди де суд жолы менен тәртипке салыўды билдиреди. Улыўма алғанда, суд ҳәкимиятының әдил судлаўды әмелге асырыў тараўындағы ўәкилликлерин төмендегише көрсетиў мумкин.

1) Конституциялық бақлаў ўәкиллиги,

2)Пуқаралық, жынайый ҳам ҳакимшилик ҳуқықбузарлықлар ҳаққындағы ислерди көрип шығыў тараўындағы ўәкиллиги,

3)Хожалық тараўындағы суд ислерин көрип шығыў тараўындағы ўәкилликлери,

4) Суд тәжрийбесинен келип шығып, әмелдеги нызамшылық мәселелери бойынша түсиндириўлер бериў ўәкиллиги,

5) Өзбекстан Республикасы Конституциясы ҳәм нызамларына рәсмий сыпатлама бериў тарауындағы ўәкилликлери,

6) Судьялар қурамын дүзиў ҳәм олардың ҳуқықый мәдениятын асырыўдағы ўәкилликлер есапланады.

Президентимиз И.А.Каримовтың "Әдиллик-нызам үстинлигинде" темаларындағы "Суд бугунги күнде бурынғыдай ҳүкимран коммунистлик системаның қадаған ҳәм жазалау аппараты емес, балки ол ҳәр бир инсан ҳәм пуқараның ҳуқық ҳәмде еркинликлерин исенимли түрде қорғаў ҳәм қорғаўға қаратылған беккем мәмлекет институтына айланбақта" деп билдирген пикирлери ҳақыйқат есапланады. Сондай-ақ, суд хызметкерлери енди өзлерин жоқары атқарыўшы ҳәкимиятына қараслы, оның ҳәр қандай көрсетпелерин орынлайтуғын уйым емес, өз алдына ғарезсиз пуқаралардың ҳуқық ҳам еркинликлерин, нызамлы мәплерин тек нызамға әмел етип қорғайтуғын ҳәкимяттың өз алдына ғәрезсиз тармағы деп есаплайды. Суд ҳәкимятының ғәрезсизлигин беккемлейтуғын ҳуқықый ҳүжжетлер нызамшылығымызда беккемленген. Дәслеп конституцияда, "Судлар ҳаққында"ғы нызамда ҳәм бир қатар амелдеги нызамларда судлар суд ислерин жүритиуде нызам шығарыушы ҳәм атқарыўшы ҳәкимиятлардан, сиясий партиялардан, басқа жәмийетлик бирлеспелерден ғарезсиз түрде ис жүритиуи белгилеп қойылған. Ғарезсизлик принципи судларға әдил судлау хызметинде толық ҳуқық береди ҳәм суд талықлауын әдалатлы өткизиу, шахслардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин толық тәмийинлеуге имканият жаратып береди. Усы мәселениң кешиктирип болмаслығын төмендегише тарийиплеу мүмкин. Шахс өз ҳуқық ҳәм мәплерин бузылды деп есапласа,

турған гәп қорғаў излеп мәмлекет уйымына мүрәжат етеди. Оның арызын еситиу, ҳуқық ҳәм нызамлы мәплерин қорғаў судтың тийкарғы, биринши уазыйпасы есапланады.  Суд усы уазыйпаны орынламаса, итибар бермесе ямаса керекли дәрежеде мәселени шешпесе пуқара қорған излеп соң қай жерге барыуы мүмкин. Пуқарада судтың усы ҳәрекетлери себебли мәмлекет ҳәм оның уйымларына, нызамларына исенимсизлик ҳәм де наразылық түрде қарайды. Президетимиздиң айтқанындай  "Халық ашлыққа, қыйыншылыққа, ҳамме нарсеге шыдаўы мүмкин, бирақ әдилсизликке шыдай алмайды". Жәмийетте "әдиллик" деп аталыўшы усы қадириятты асыраў, қорғаў ҳәм амелге асырыў судлардың мойнына жүклетилген. Усы мәселени анық орынлаўда төмендегилерге итибар бериў керек деп есаплайман:

Биринשиден, Президентимиз И.А Каримовтың Өзбекстан Республикасы Олий Мәжлиси нызамшылық палатасы ҳәм Сенаттың қоспа мәжлисиндеги алға сүрилген суд реформаларын әмелиятта нәтийжели жариялаў,

Екиншиден, суд хызметкерлериниң тәжрийбесин асырыў ўақтында оларға раўажланған мәмлекетлердиң нәтийжели әмелий тәжрийбелерин кең түрде түсиндирип барыу,

Үшиншиден, судьялыққа талабан кадрлар резервин қәлиплестириўде миннетли, билимли, ҳүжданлы, ўатан сүйиўшилик ҳәм судьялық кәсибине пидайы пуқараларымызды тартыўға қаратыўға өз алдына итибар қаратыў керек.

Төртиншиден, пуқараларымыз санасында судья шахсына өз алдына ҳүрмет ҳәм исеним туйғысын раўажландырыў бойынша үгит-нәсият ислерин дүзиў керек.

Бесиншиден, суд ҳүжжетлериниң орынланыўын әмелде тәмийнлеў мақсетинде ҳәмме нызамлы ҳәм қураллардан нәтийжели пайдаланыў. Усы илажларды әмелге асырыўдан мақсет инсан ҳуқықларының жоқары қадирият екенлигин әмелде қолланыў болып есапланады.

## 1.2. Суд ҳуқық реформаларының инсаныйлық принциплерине садықлығы.

Өзбекстан өз ғәрезсизлигин алғаннан кейин базар қатнасықларына тийкарланған демократиялық ҳуқықый мәмлекет қурыуды ҳәм пуқаралық жәмийетти қәлиплестириуди баслы мақсет етип қойды. Бул уллы ўазыйпаны шешиу бәриненде бурын жаңа жәмийетлик дүзимди қурыўға мүмкиншилик беретуғын ҳуқықый нормаларды ислеп шығыуды ҳәм турмысқа енгизиуди талап етти. Сонлықтан да елимизде жаңа жәмийетлик қатнасықларды тәртипке салатуғын демократиялық ҳәм социаллық идеяларды басшылыққа алған, халық-аралық ҳуқықтың ғалаба тән алынған нормаларына тийкарланған нызамлар қабыл етилип басланды.

2005 - жылы 28 - январьда Олий Мәжлистиң Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа мәжлисинде Президентимиз Ислам Каримов «Бизиң бас мақсетимиз - жәмийетти демократияластырыу ҳәм жаңалау, мәмлекетти модернизациялау ҳәм реформалау» атамасындағы баянатында суд ҳуқық системасын либералластырыу бойынша биз шешииуимиз тийис болған және бир мәселе - бул жазалау системасынан өлим жазасын алып таслау - деди. Бул жерде сөз айырым мәмлекетлерде болғанындай, өлим жазасына мараторий қолланыу емес, ал оны пүткиллей бийкарлау ҳаққында болып атырғанын билдирди. Усы пикир ҳәм додалаудың дауамы ретинде 2005-жылдың 1-августында Президентимиздиң «Өзбекстан Республикасында өлим жазасын бийкар етиу ҳаққында»ғы пәрманы шықты.Бул пәрманға сәйкес Өзбекстан Республикасында 2005-жылдың 1-январынан баслап жынайый жаза түри сыпатында өлим жазасы бийкар етиледи ҳәм оның орнына өмирлик ямаса узақ мүддетке еркинен айырыу жазасы енгизиледи. Бизлердиң ўазыйпамыз усы Пәрманның мәнис-мазмунын ҳәм әҳмийетин кең жәмийетшиликке түсиндириу болып есапланады.

Дүнья тәжирийбесин анализлей отырып, Өзбекстан Президентиниң 2005- жылы 1- августтағы "Өзбекстан Республикасында өлим жазасын бийкар етиу ҳаққында"ғы Пәрманы ҳәм 2007-жыл 11-июлдеги қабыл етилген "Өлим жазасын бийкар етилиуи менен Өзбекстан Республикасының айырым нызам ҳүжжетлерин өзгерис ҳәм қосымшалар киригизиу ҳаққында" нызамы оғада әҳмийетли ҳәм уактында қабыл етилген ҳүжжетлер екенлигин айтыуымыз тийис. Бул әҳмийетли ҳүжжетлердиң қабыл етилиуи ғәрезсиз Өзбекстанның инсаныйлық принциплерине садық екенлигиниң, пуқаралардың Конституциялық ҳуқықлары менен еркинликлериниң булжытпай сақланып атырғанлығының тағы бир көриниси болды.

Инсан ҳуқықларын қорғаў, усы себептен инсан ҳуқықлары ҳәм еркинликлериниң судта қорғалыўы ҳаққында гәп барғанда үстинликлер машқаласы болады. Аўқамлас жәмийетте шахс ҳәр дайым жәмәәт сыпатындағы бирлеспелерге, атап айтқанда, партия ҳәм мәмлекетке қарата бир қанша төменги тайпа деп есаплнған. Партия ҳәм мәмлекеттиң ҳуқық ҳәм мәплери жолында көбинесе тек айрықша адамлар емес, усы менен бирге пүтин-пүтин халықларға қарсы өте аўыр жынаятларда садыр етилген.

Бүгинги күнде Конституцияның 44-статьясына муўапық ҳәр бир шахсқа өз ҳуқық ҳәм еркинликлерин суд арқалы қорғаў, мәмлекетлик уйымлары, лаўазымлы шахслар, жәмийетлик бирлеспелердиң нызамсыз ис-ҳәрекетлери үстинен судқа шағым етиў ҳуқық кепилленеди. Конституцияның усы қағыйдасы улыўма мойынланған халқаралық нормаларға сай келеди. Атап айтқанда, Инсан ҳуқықлары дуньяжүзлик Декларациясының х-статьясында айтылғанындай: «ҳәр бир инсан оған Конституция яки нызамлар усынған тийкарғы ҳуқықлары бузылған жағдайларда бундай ҳуқықлардың ўәкилликли миллий судар тәрепинен сапалы қайта тиклеўин талап етиў хуқықына ийе». Буннан тысқары, халқаралық нормалар мәмлекетлердиң «суд қорғаўында болыў имкәниятларын раўажландырыў» барысындағы миннетин де айтып көрсетеди (Пуқаралық ҳәм сиясий хуқықлар хаққындағы халқаралық

факттиң 2-статьясы).[1] Суд қорғаўында болыў судқа мүрәжаат етиў, шағым бериў, ана тилинен пайдаланыў ҳәм басқаларды өз ишине алады.[2]

Инсан ҳуқықларын суд арқалы қорғаў машқаласына қарата айрықша дыққат-итибар пүтинлей тийкарлы. Ол яки бул уйымлар ҳәм лаўазымлы шахслардың ҳәр қандай нызамсыз қарары, ис-ҳәрекетлери яни ҳәрекетсизликлери үстинен судқа ҳеш тосықсыз мүрәжаат етиў имкәнияты уллы еркинликтиң ең зәрүр шәрти. Судқа шағым менен мүрәжаат етиў бундай шағым менен ҳәкимшилик тәртипте мүрәжаат етиўге қарата қатар жеңилликлерге ийе, себеби судта ис көриў катаң қағыйдалар тийкарында болыўы нызам менен тәртипке салынған.

Бурынғы аўқамлас мәмлекетлер ушын рәсмий рәўиште суд арқалы сапалы қорғаў ҳаққындағы халықаралық нормалар мәжбүрий есапланған болса да, әмелде олар тән алынбас еди. Аўқамлас мәмлекетлер конституцияларында суд қорғаўында болыў ҳуқықтың улыўмалығы хаққындағы принцип жоқ еди. Мәселен, көп ғана жумысшылардың мийнетке тән даўлары судта емес, бәлким тек бойсыныў тәртибинде жоқары турыўшы уйымларда көрип шығылыўы мүмкин еди. Басқа шахсларда қорғаў ҳуқықынан айрылған еди. Усылай етип, пуқараның судқа еркин ҳәм теңлик тийкарында мүрәжаат етиўин тәмийнлеў машқаласы ҳәзирги күнде көп ғана мәмлекетлер алдында турған глобал машқалаларданбири есапланады.

Әдил судқа биймәлел мүрәжаат етиўге тийисли мәселелер ҳәр барқулла мәмлекетлер ҳәм халқаралық шөлкемлердиң дыққат орайында болып келеди. Егер судқа мүрәжаат етиў мүмкин болмаса, онда, әсирессе, мойынланған демократиялық идеяларының олардың барлығына да ҳәжет қалмайды. Пикиримизше, бүгинги күнде судқа биймәлел мүрәжаат етиў принципиниң төмендеги белгилери: суд ислери, аймақ, халықтың саны ҳәм сол сыяқлы жетерли болған судлар ҳәм судьялар санының тәмийнлениўи;

---

[1] Международные акты о правах человека. Сборник документов.-М.: Изд. Группа Норма-Инфра, 1999,с. 40-54.

[2] Каримов И.А. Ўзбекистон XXI асрга интилмоқда.-Т. Ўзбекистон,1999, 29-30-бетлар.

қәнигелестирилген юристлер көрсететуғын қәнигели жәрдемниң жетерли болыўы, халықтың ең кәмбағал қатламлары ушын бийпул әдил судлаў болыўын тәмийинлеў (пуқаралық ислери бойынша мәмлекет пошлиналары муғдарының кемейттириўин ҳәм белгили қатламдағы шахслардың оны төлеўлен толық азат етилиўи), судта ис көриўге тийисли қағыйдалардың әпиўайыластырылыўы ҳәм қатламластырылыўы, қыйын болып турыпты.

Әдил судлаў ҳәр қыйлы даўларды шешиў усылы есапланды. !дил судлаў жәмийеттеги субъектлер қатнасықларын жәмийетлик тәртипке келтириўши, бундай қатнасықлардың ҳуқықый нормаларға муўапық болыўына тәмийнлейди. Ол мәмлекет хызмети бағдарларынан бири. Усы менен бир ол өте зәрүр ўәкилликте болып, оның әмелге асырылыўы суд ҳәкимиятының хызмет көрсетиўи менен байланыслы.

Соны айтыў зәрүр, әдил судлаўдың әмелге асырылыўы бир қатар улыўма мойынланған демократиялық принциплерге тийкарланады. Тийкарында бундай принциплерди улыўма көринисте мәмлекет хызмети усы түрдиң ең зәүр жақларын белгилейтуғын дәстүрий, дәслепки қағыйдалар сыпатында белгилеў бир қанша қурамалы ис. Бундай қағыйдалар әдил судлаўды шөлкемлестириў, оның уйымларының мәмлекет механизминдеги ҳәм жәмийеттиң сиясий системасындағы роли ҳәм орны ҳаққындағы мәселелерге тийисли нызамшылықтың барлық талаплары ушын негиз есапланады.

Бундай талаплар ең алды менен мәмлекетимизде әдил судлардың раўажланыўы ҳәм шөлкемлестирилиўи әмелиятынан келип шыққан. Олар, сондай-ақ Инсан хуқықлары дүньяжүзлик Декларациясы ҳәм Пуқаралық ҳәм сиясий ҳуқықлар хаққындағы халықаралық пакт сыяқлы ҳүжжетлерде сәўлеленген басқа мәмлекетлердиң жақсы тәжрийбесин ҳәм халқаралық бирге ислесиў практикасын өзинде үнемли жәмлестирип, оларда әдил судлаўды шөлкемлестириў ҳәм әмелге асырыў мәселелери жүзесинен көплеп прогрессив қағыйдаларды табыў мүмкин.

---

Бизге мәлим, әдил судлаў демократиялық негизлердиң мазмуны тураплы жетилистирилип барылады. Атап айтқанда, кейшым жылларда бундай процесс бир қанша активлести.

«Мәмлекет, оның уйымлары, лаўазымлы шахслар, жәмийетлик бирлеспелер, пуқаралар Конституция ҳәм нызамларға муўапық ис көреди»[1]. Нызамлылық дегенде барлық мәмлекет ҳәм мәмлекетлик емес уйымлар, жәнеде бирлеспелер, лаўазымлы шахслар ҳәм пуқаралардың Өзбекстан Республикасы Конституциясы, нызамлар ҳәм оларға муўапық келетуғын басқа норматив ҳүжжетлер талапларына булжытпай орынлаўы түсиниледи.

Бундай принцип әдил судлаў ушын мәмлекет хызметиниң усы түри, жоқарыда оны тәрийплеўде көрсетилгениндей, нызам талапларына бойсынған ҳалда ҳәм онда белгиленген пуқаралық ҳәм жынаят servislerin көрип шығыў тәртибине булжытпай әмел етиў менен тығыз байланыслылығы себепли айрықша әҳмийетке ийе. Нызамға бойсынбайтуғын жерде әдил судлаў ҳаққында гәп та болыўы мүмкин емес. Бундай «әдил судлаў» өзиниң жәмийетлик функциясын орынлаўға таяр емес.

Судьялардың ғәрезсизлиги ҳәм олардың тек нызамға бойсыныўы. «Судьялар ғәрезсиз, олар тек ғана нызамға бойсынады. Судьялардың әдил судлаўын әмелге асырыў барысында олардың хызметине араласыўға ҳеш жол қойылмайды ҳәм бундай араласыў нызамға муўапық жуўапкершиликке себеп болады»[2] ҳәр бир адам өзиниң ҳуқықлары ҳәм миннетлерине ҳәмде оған қойылған жынайы айыптың тийкарлығы белгилеў ушын тең ҳуқықлылық тийкарында өз исиниң ғарезсиз ҳәм әдил суд тәрепинен жәриялық түрде ҳәм әдилликтиң барлық талапларына бойсынған ҳалда көрип шығылыўы ҳуқыққына ийе.

---

[1] Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси. Т., «Ўзбекистон»,2008. Б-6.
[2] Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси. Т., «Ўзбекистон», 2008. Б-30

Усы принцип көп ғана нызам ҳүжжетлеринде: «Конституциялық суд ҳаққында»ғы Нызам[1] (4, 5 статьялар), «Судлар ҳаққында»ғы Нызам[2] (4-статья), Жынаят-процессуал кодекси[3] (14-статья) ҳәм басқаларда беккемлеп қойылған.

Судьялардың ғәрезсизлиги принципиниң әҳмийети судтың сырттан араласыўысыз қандайда басқаша тәсир көрсетиўсиз, нызам талапларына қатаң бойсынған ҳалда жуўаплы қарарлар қабыл етиўи ушын реал имкәният беретуғын шәраятларды тәмийнлеўге интилиўден ибарат. Судтың ғәрезсизлиги тийкарынан еки тийкарғы элемент жыйындысынан пайда болады: бул суд ҳәкимияты ҳәм судьялардық өзлериниң шөлкемлескен (институционал) ҳәм функционал ғәрезсизлиги. Суд ҳәкимияты шөлкемлескен ғәрезсизлигиниң әҳмийети суд ҳәкимиятының нызам шығарыўшы ҳәм атқарыўшы тараўларға бойсынбаслығы ҳәм әдил, жәнеде ғәрезсиз болыўы лазымлығы ҳаққындағы идеядан ибарат. Нызам шығарыўшы ҳәм атқарыўшы ҳәкимият уйымлары суд ҳәкимиятының ўәкилликлерине киретуғын қарарларды қабыл етиўи мүмкин емес. Буннан тысқары, судлар жумысының қаржыландырылыўы тек нызам шығарыўшы ҳәкимият тастыйқлайтуғын мәмлекет бюджетинен ажыралатуғын қәрежетлер есабынан орайластырылған тәртипте әмелге асырылады. Олардың материаллық-техника тәмийнаты ҳәм хызмет көрсетиўи ушын зәрүр шәрт-шәраятлар жаратылыўына тийисли ислердиң шөлкемлестирилиўи «Судлар ҳаққында»ғы Нызамның 11-статьясына муўапық арнаўлы ўәкилликли уйым тәрепинен атқарылады. Судлардың функционал ғәрезсизлиги судьялардың ислерди шешиўде тек Конституцияға ҳәм нызамға бойсыныўын нәзерде тутады. Әдил судлаўды әмелге асырыўдың пуқаралық процессуал, жынаят-процессуал ҳәм хожалық

[1] Ўзбекистон Республикасининг Конституциявий суд тўғрисида 1995 йил 30-августдаги қонуни. Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 1995 йил, 9-сон.
[2] Ўзбекистон Республикасининг Конституциявий суд тўғрисида 1995 йил 30-августдаги қонуни. Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 2001 йил, 1-2-сон.
[3] Ўзбекистон Республикасининг Жиноят-Процессуал Кодекси.-Т.:Ўзбекистон Республикаси Адлия вазирлиги, 2004.

процессуал кодекслерге муўапық белгиленетуғын қағыйдалары судьялардың ислерди кимлердиң дур пикирлери, талапларынан ҳалыс болған жағдайда көрип шығыўы ҳәм шешиўи, соның ишинде судьялар кеңесинде өзиниң иске тийсли пикирлерин баян етиўин тәмийнлеўи лазым. Суд тек усы иске тийсли суд қурамына киретуғын судьялар қатнасында мәслаҳат ханасында ис жүзесинен қарар шығарады. Басқа шахслардың қатнасыўына болса жол қойылмайды. Судьялар да, сондай ақ, мәслаҳат ўақтында билдирген пикирлерди жәриялаўы мүмкин емес. Әдил судлаўды әмелге асырыўға тийсли жумысқа ҳәр қандай араласыўды нызам жынайый жуўапкерликке тартыўға дейин болған дәрежеде қадағалайды.[1] (Конституцияның 112-статьяның).

Нызамда белгилеп қойылған судъяларды тайынлаў тәртиби оларды кимниңдүр алдында есап бериў миннетлемеси жоқ, себеби әдил судлаў - мәмлекет хызметиниң ҳәр қандай басшылық яки қадағалаўдан аўлақ болған ғәрезсиз тараў. «Судлар ҳаққында»ғы нызамның сегизинши бабы судлар ғәрезсизлигиниң тийкарғы кепилликлерин тәртипке салады.

«Өзбекстан Республикасында барлық пуқаралар бир қыйлы ҳуқық еркинликлерине ийе болып, жынысы, расасы, миллети, тили, дини, социаллық шығысы, исеними, жеке ҳәм жәмийетлик жағдайына қарамастан нызам алдында тең»[1]. (Өзбекстан Республикасы Конституциясының 18-статья 1-бөлими.»)

Конституциясының 18, 46-статьялары, «Судлар ҳаққында»ғы Нызамның 6-статьясы, Хожалық процессуаль Кодексниң 7-статьясы, Пуқаралық Процессуаль Кодексиниң 16-статьясы, Жынаят Процессуаль Кодексиниң 16-статьялары усы принциплердиң ҳуқықый тийкары болып хызмет етеди.

Нызам алдында теңлиқ бул нызамларда беккемленген қағыйдалардың барлық пуқараларға қарата бир түрдеги қолланылыўы. Бунда тек ғана ҳуқылардың берилиўи ҳәм олардың әмелге асырылыўы, бәлким

---

[1] Ўзбекистон Республикаси Конституцияси.-Т., «Ўзбекистон», 2008, 31-б.

миннетлемелердиң жүклениуи, сондай-ақ әдил судлаўдың әмелге асырылыўын тәртипке салатуғын нызамларға муўапық жуўапкершилик қолланыўда нәзерде тутылады. ҳуқықлардан пайдаланыў имканияты реал болыўы ушын нызамда ҳәр түрли себеплерге көре өз ҳуқықлары ҳәм миннетлерин қорғай алмайтуғын шахсларға қосымша кепилликлер белгилейди. Мысалы; нызам ержетпегенлер, сақаўлар, көзи әзиз шахслар, физикалық жақтан майып, яки руўхый кеселлиги себепли өзин-өзи қорғаў ҳуқықын әмелге асыра алмайтуғын басқа шахслардың иси бойынша қорғаўшының мәжбүрий түрде қатнасыўын белгилейди.[2] Суд исин алып барып атырғанда тилди билмейтуғын шахсларға дилмаш жәрдеминде өз ана тилинен пайдаланыў ҳуқықы бериледи.[3] Суд алдында теңлик түсиниги нызам алдында теңлик түсиниги менен айырмашылыққа ийе емес. Ол суд алдында ол яки бул түрде турған барлық пуқараларға тең процессуал ҳуқықлар берилиўи ҳәм тийисли миннетлемелердиң жүклетилиўин аңлатады. ҳәмлениң нызам алдында теңлиги принципи тек ғана Өзбекстан пуқараларына тийисли болып ғана қалмастан, ал сырт ел пуқаралары ҳәм пуқаралығы болмаған шахсларғада тийисли. Нызам талабына көре мәмлекеттиң бир қатар лаўазымлы шахслары: судьялар, сенаторлар, депутатлар, прокурорлар ушын оларды жуўапкершиликке тартыўдың айрықша қағыйдалары белгиленген.

Ҳәр бир шахс өз ҳуқық ҳәм еркинликлерин суд арқалы қорғаў, мәмлекетлик уйымлар, лаўазымлы шахслар, жәмийетлик бирлеспелердиң нызамға қарсы ҳәрекетлери үстинен шағым етиў ҳуқықы кепилленеди.[4](44-ст.) Бул қағыйда бир қатар нызам ҳүжжетлеринде, соннан Өзбекстан Республикасының 1995-жыл 30-августтағы «Пуқаралардың ҳуқықлары ҳәм еркинликлерин бузатуғын қатты ҳәрекетлери ҳәм қарарлары үстинен судқа

---

[1] Ўзбекистон Республикаси Конституцияси.-Т., «Ўзбекистон», 2008, 6-б.

[2] Ўзбекистон Республикасининг Жиноят-Процессуал Кодекси.-Т.:Ўзбекистон Республикаси Адлия вазирлиги, 2004, 26-б.

[3] Ўзбекистон Республикасининг Жиноят-Процессуал Кодекси.-Т.:Ўзбекистон Республикаси Адлия вазирлиги, 2004, 12-б.

[4] Ўзбекистон Республикаси Конституцияси.-Т.»Ўзбекистон», 2008. Б-10.

шағым етиў ҳаққында»ғы Нызамда анықластырылған.[1] ҳуқық ҳәм еркинликлерди судта қорғаў ҳәр бир инсанда кепилленген. Усы ҳуқық ҳәм миннетлемелерди жекке, адвокат яки нызамлы ўәкили арқалы қорғаў мүмкин болған ҳәр қандай физикалық шахсқа тийисли. Суд қорғаўында болыў ҳуқықы юридикалық жәрдем алыў ҳуқықы менен тығыз байланыслы, себеби нызамларды, оларды қолланыў процессин, судларда ислерин жүргизиў тәжрийбесин билмей турып суд қорғаўында болыў имканиятларын сапалы әмелге асырыў мүмкин емес. Юридикалық кәсиплерди ийелеген шахслар бундай қәсийетлерге ийе болады. Бузылған ҳуқықтың қәсийетине қарап, оларды қорғаў тийисли конституциялық, пуқаралық,ҳәкимшилик, жынаят ҳәм хожалық суд ислерин жүргизиў тәртибинде әмелге асырылыўы мүмкин.

Айыпсызлық презумциясы судья, тергеўши, прокурордың жеке пикирин билдирмейди, бәлким объектив ҳуқықый қағыйда есапланады. Тергеў уйымлары шахсқа айып қойыў менен оны жынаятты ислеўде айыпкер деп есаплаўда, бирақ оның айыбы еле дәлиллениўи керек. Нызам шахсты айыпкер деп айтыўы ушын суд процессинде көрип шығылыўы - айыпланыўшының ҳуқықлары ҳәм нызамлы мәплериниң ең жоқарғы кепилликлери ҳәм айыплаў дәлиллерин тексериў сәўлелендирилген басқыштың шәртлиги менен беккемлейди. «Барлық судларда ислер ашық көриледи. Ислерди жабық түрде алып барыў нызамда белгиленген жағдайларда жол қойылады»[2]. «Судлар ҳаққында»ғы Нызамның 7-статьясы суд ислерин жүргизиўдиң жәриялық принципин нәзерде тутады. Усы статьяның мазмунынан сондай жуўмақ келип шығады, «жәриялық» принципи «судта ислердиң ашық көрилиўи» атамасының синоними сыпатында ислетиледи. Бул принцип, содай-ақ Пуқаралық процессуаль Кодексиниң 10-статьясы ҳәм Жынаят процессуаль Кодексиниң 19-статьясы

---

[1] О. Ҳусанов. Ўзбекистон конунига шарҳлар. Ўзбекистон Республикасининг «фуқароларнинг ҳуқуқлари ва эркинликларини бузадиган хатти-ҳаракатлар ва қарорлар устидан судга шикоят қилиш тўғрисида»ги қонуни. Т., «Адолат», qoou.

[2] Ўзбекистон Республикаси Конституцияси.-Т.»Ўзбекистон», 2008.Б-32.

менен де тәртипке салынады. Оның мәниси соннан ибарат, ол яки бул суд иси бойынша процесс қатнасыўшысы болмаған пуқаралардың да истиң көрип шығылыўында, суд прцесси ўақтында қатнасыў имканияты тәмийинленеди. Бул суд хызметиниң жақсыланыўына көмеклеседи, оны пайда ететуғын мәселелердиң шешилиўине көбирек жуўапкершилик пенен қараўға мәжбүр етеди, пуқарларды нызамлылықты беккемлеў руўхында тәрбиялаўға тәсир көрсетеди, соның менен бирге жәмәәтшиликтиң әдил судлаў үстинен бақлаўды жүргизиўдиң өзине тән формасы болып есапланады.

Ислердиң судта ашық көрип шығылыўы принципи мазмунынан келип шығып, төмендегише жуўмақ шығарыўымыз мүмкин.

Биринщиден, суд мәжлисинде судта жүргизилип атырған иске байланыслы болмаған, бирақ истиң көрип шығылыўында қатнасыўды қәлеген ҳәр қандай шахслар қатнасыўы мүмкин. Бирақ бул орында бир қатар шеклеўлерде болыўы мүмкин, мысалы, егер басшылық суд мәжилиси болып атырған зал тар болғанлығы себепли бундай шахслардың киргизилиўин шеклеў ҳаққында бийлик бериўи мүмкин.

Екинщиден, судта көрилип атырған ис материалларының жәрияланыў имканияты да бар болады. Суд залында қатнасыўшылар суд мәжилисинде болып атырған барлық нәрсени жазып алыў ҳуқықына ийе. Суд залында фото, кино ҳәм видео сүўретке алыўлары тек ғана ис бойынша басшылық етиўшиниң рухсаты менен әмелге асырылады. Жәриялықты кеңейтириў ушын зәрүр болған жағдайларда ғалаба хабар қуралларының хызметкерлери, жәмийетлик бирлеспелери ҳәм жәмәәтлик ўәкиллери шақырылыўы мүмкин.

Нызамда буннан тысқары, жабық мәжлислер өткизиў қағыйдаларыда белгиленген. Бундай мәжлислер мәмлекет сырларын қорғаў мақсетинде өткизиледи. Жынысый жынаятлар, q8-жасқа толмаған шахслар ислеген жынайый ислериниң көрип шығылыўы, сондай-ақ басқа ислер жүзесинен пуқаралардың жеке турмысы яки олардың ар-намысы ҳәм қәдир-қымбатына

зыян келтиретуғын мағлыўматлардың жәрияланбаўы мақсетинде яки исте қатнасып атырған жәбирлениўши, гуўа ҳәм басқа шахслардың жәнеде олардың шаңарақ ағзалары, яки жақын қарындасларының қәўипсизлигин тәмийинлеўи талап етилген жағдайларда суд мәжлислери жабық түрде алып барылыўы мүмкин.

Өзбекстан Республикасында суд ислерин жүргизиў өзбек тилинде, қарақалпақ тилинде, яки сол жердеги көпшилик халықтың сөйлейтуғын тилинде алып барылады. Суд ислери алып барылып атырған тилди билмейтуғын судта қатнасыўшы шахслардын дилмаш арқалы ис материаллары менен толық танысыў ҳәм суд ислеринде қатнасыў ҳуқықы ҳәмде судта ана тилинде сөйлеў ҳуқықы тәмийинленеди.[1] Пуқаралық процессуал Кодекстиң 9-статьясы[2], Хожалық Процессуал Кодексиниң 10-статьясы[3], Жынаят процессуаль кодексиниң 20-статьясы[4] ҳәм «Судлар ҳаққында»[1]ғы Нызамның 8-статьясында беккемленип қойылған. Процессуал нызамлар буған және бир қатар анықлықлар киргизеди жәнеде процесс қатнасыўшыларының өз ҳуқықларынан толық пайдаланыўы ҳәм миннетлемелерин орынлаў имканиятларын тәмийинлеўши кепилликлер көрсетиледи.

Улыўма аланымызда, исте қатнасып атырған ҳәм суд ислери жүргизилип атырған тилди билмейтуғын шахсларға дилмаш хызметинен пайдаланыў имканиятына кепиллик бериледи. Ал дилмаш өз гезегинде истиң көрип шығылыўында өз ўазыйпаларын анық ҳәм толық әмелге асырыўға мәжбүр. Бундай миннетлемелердиң орынланбаўы жынайый жуўапкершиликке тартыўға да себеп болыўы мүмкин. Дилмаштың айыпланыўшыға (гуман етиўшиге, судланыўшыға) көрсететуғын хызметлери барлық ўақытта бийпул болады. ҳуқықты қорғаўшы

---

[1] Ўзбекистон Республикаси Конституцияси.-Т.»Ўзбекистон», 2008, Б-32.
[2] Ўзбекистон Республикасининг Фуқаролик процессуал кодекси. Ўзбекистон Республикаси Адлия Вазирлиги, w00q.
[3] Хўжалик Процессуал Кодекси.-Т., 2001. Б-24.
[4]Ўзбекистон Республикасининг Жиноят-Процессуал Кодекси.-Т.:Ўзбекистон Республикаси Адлия Вазирлиги, 2004.

уйымлардың лаўазымлы шахслары процесс қатнасыўшыларына олардың ҳуқықларын ҳәм, соның ишинде дилмаш хызметинен пайдаланыў, өзиниң ана тилинде яки өзи жақсы билетуғын ҳәр қандай тилде сөйлеў, баян етиў ҳуқықы бар екенлигин түсиндириўи шәрт. Тергеў ҳәм суд ҳүжжетлеринде де бундай шахсларға олар түсинетуғын тилге дилмаш етилген ҳалда тапсырылады. Буннан тысқары, суд ислери жүргизилип атырған тилди билмейтуғын шахсқа дәслепки тергеўде ҳәм истиң судта көрип шығылыўында мәжбүрий тәртипте қорғаўшының қатнасыўы тәмийинленеди.

---

[1] Ўзбекистон Республикасининг «Судлар тўғрисида»ги Қонун (Янги таҳрири). Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 2001 йил, 1-2 сон.

## 2-Бап. Өзбекстан Республикасында суд ҳәкимиятының қәлиплесиўи ҳәм судлар ислери бойынша қәнигелесиўи, суд ислерин жүргизиўдиң ҳуқықый тийкарлары.

### 2.1.Ғәрезсиз Өзбекстанда суд ҳәкимиятының қәлиплесиўи реформа басқышлары.

Ғәрезсиз Өзбекистан Конституциясының қабыл етилиўи суд системасын жаңалаў, оны демократластырыў прцессине қатты түртки болды. Судты ҳүкмран бюрократияның қатағаншылық қуралынан инсан ҳуқықларын қорғаўды исенимли қуралы–ҳуқықый мәмлекеттиң өте зәрур институтына айландырыў биринши гезектеги ўазыйпа болып қалды.

Өзбекстан Республикасы Конституциясында (11-статья) биринши мәрте ҳәкимияттың бөлиниўи принципи беккемлеп қойылады, оған муўапық мәмлекетте мәмлекетлик ҳәкимият бир–биринен ғәрезсиз болған нызам шығарыўшы, атқарыўшы ҳәм суд ҳәкимиятына бөлинеди. Бүгинги күнде суд ҳәкимияты мәмлекетлик ҳәкимияттың ғәрезсиз тармағы екенлиги ҳаққындағы толық көз-қарас қарар тапты. Аўқамлас дәўиринде, атап айтқанда оның дәслепки басқышында, бундай идея бийкар етилген еди. Судтың жазалаўшы функциясы тийкарғы орында турар, суд әмелде ең алды менен басып турыўға масласқан мәмлекет аппаратының бир буўыны болып, оның қорғаў функциясы ҳаққында улыўма айтылмас еди. Тек ҳуқықый мәмлекет идеясы жәрияланыўы, Өзбекстан Республикасы Конституциясында суд ҳәкимияты мәмлекет ҳәкимиятының айрықша ҳәм ғәрезсиз тармағы сыпатында көрсетилгеннен кейин ғана нызамларда өз көринисин таўып атырған белгили теориялық база жаратыла басланды.

Өзбекстан Республикасы Конституциясында суд ҳәкимиятына арнаўлы бап бағышланған болып, онда «суд ҳәкимияты» атамасы суд системасының шөлкемлесиўи ҳәм судлар жумысының принциплерин қамрап алатуғын қатар қағыйдалар арқалы ашып бериледи. Қәнигелик жумыста суд

ҳәкимиятын тәрийплеўге қарата түрли жандасыўлар бар болып, олардан төмендегилерди ажыратып көрсетиў мүмкин.

Базы процессуал алымлардың пикиринше, суд ҳәкимияты «нызамға бойсындырылған ҳәм суд ислерин жүргизиў тәртибинде нызамды қоллаўға қаратылған уйымлар системасын қурайды»[1]

Суд ҳәкимиятын тәрийплеўге байланыслы басқаша жандасыў оны суд ислерин көрип шығыў менен байланыслы жумыс сыпатында түсиниўден ибарат. ҳәр еки концепция тәрепдарлары тәрепинен усынылған суд ҳәкимияты түсинигинде үзликсиз бирликти ажыратып көрсетиледи.

Өзбекстан Республикасы Жоқарғы суд Пленумы суд ҳәкимияты түсинигине бир неше мәрте төмендегише анықлама берди: «суд ҳәкимияты–бул судлардың Өзбекстан Республикасы Конституциясы ҳәм нызамлары үстинлиги принципине сөзсиз ҳәрекет етиўи тийкарында жынайый, пуқаралық, хожалық ислерин ҳәм ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы ислерди көриў бойынша ўәкиллиги».[1]

Жоқарғы суд Пленумы өз анықламасында суд ҳәкимиятының зәрүр функцияларын көрсеткен. Усы менен бирге, бизиң тәлийматымызда, оны кең қамраўлы ҳәм нызам шығарыўшы тәрепинен «суд ҳәкимияты» атамысында сиңдирилген мазмунды толық ашып берди деп атаў қыйын. Соны да көрсетиў керек, Жоқарғы суд Пленумы суд ҳәкимиятының зәрүр функцияларынан бири–Конституциянын 108-статьясына муўапық Өзбекстан Республикасы Конституциялық судына жүкленген Конституциялық бақлаўды әмелге асырыў өз көринисин таўмаған. Суд ҳәкимиятының мазмун, жәмийеттеги роли ҳәм ўазыйпасы түсиник тийкарында сондай пикирге келиў мүмкин, Өзбекстан Республикасында суд ҳәкимияты мәмлекет ҳәкимиятың бир тармағы сыпатында инсан ҳәм пуқара ҳуқықлары ҳәм еркинликлерин қорғаўға тийисли мәмлекет функциясын орынлайды. Инсан ҳуқықлары ҳәм еркинликлери тек нызамлардың мәниси емес, мазмуны ҳәм қолланылыўын, нызам шығарыўшы ҳәм атқарыў

[1] Фойницкий И.Я. Курс уголовного судопроизводства. Т.1.СПб. 1996. С. 158.

ҳәкимиятларының жумысын, бәлким суд ҳәкимияты жумысының да мәниси ҳәм мазмунын белгилеп береди. Өзбекстан Республикасы суд системасы алдында өте үлкен әҳмийетке ийе ўазыйпа–мәмлекет уйымларын инсан ҳуқықларын ҳүрмет етиўге мәжбүр етиў, ҳуқықый нормаларды реал ҳуқық ҳәм мәжбүриятларға айландырыў, мәмлекеттиң инсан алдындағы өз ўазыйпаларын орынлаўын тәмийнлеў ўазыйпасы турыпты.

Суд ҳәкимиятының тийкарғы қурамалы бөлеклеринен бири соннан ибарат, оның әмелге асырылыўы тек арнаўлы қағыйдалар көрсетилген мәмлекет уйымлары- судларға исенип тапсырылады.

Суд ҳәкимиятының уйымы сыпатында судтың өзине тән айырмашылықлары жәнe соннан ибарат, оның жумысы ушын айрықша қағыйдалар белгиленген. Бундай қағыйдалар ҳәр қандай мәселени судта көрип шығыў пайытында жүз бериўи мүмкин болған барлық жағдайлары қатаң тәртипке салады. Олардың тийкарғы мақсети-нызамлы, тийкарланылған ҳәм әдалатлы шешимге ерисилиўин тәмийнлеў.

Суд ҳәкимиятын әмелге асырыў тәртип-қағыйдаларының бир неше көринислери қарар тапқан, оларға суд ислерин жүргизиўдиң контитуциялық, пуқаралық, хожалық, жынайый ҳәм ҳәкимшилик түрлери киреди. Бундай суд ислерин жүргизиў арнаўлы нызам ҳүжжети менен тәртипке салынады.

## 2.2.Судлардың жынайый, пуқаралық ҳәм хожалық ислери бойынша қәнигелесиўи.

Суд системасының хуқықый тийкары Конституцияның ә0ў-статьясында берилген. Оған муўпық Өзбекстан Республикасында Конституциялық суд, хожалық судлары ҳәм улыўма юриспруденция әмел қылады. Мәмлекетте қандайдур айрықша судлар дүзилиўине жол қойылмайды. Конституциялық нормалар судлар системасын улыўма

[1] Ўзбекистон Республикаси Олий суди Пленуми қарорларининг тўплами. 1991-1997. –Т.: Шарқ, 1997

белгилейди. Судларды шөлкемлестириў ҳәм олардың хызмет көрсетиў тәртиби айрықша нызам менен белгиленеди.

1993-жыл 6-майда қабыл етилген «Өзбекстан Республикасының Конституциялық суды ҳаққында»ғы Нызам Өзбекстан Республикасы Конституциялық судының жумысын шөлкемлестириў мәселелерине бағышланған дәслепки ҳүжжет еди.

Улыўма юрисдикция судлары сондай–ақ хожалық судлары жумысы дәслеп Олий Мәжлис тәрепинен 2004-жыл 14-декабрде қабыл етилген «Судлар ҳаққында»ғы (жаңа редакциядағы) нызам менен тәртипке салынды. Усы ҳуқықый ҳүжжетте суд системасының шөлкемлескен тийкарларынан тысқары демократиялық ҳуқықый мәмлекеттиң хызмет көрсетиўин тәмийнлеўдиң зәрүр шәрти сыпатында судьялардың ғәрезсизлиги кепилликлери беккемлеп уйым суд.

Нызам шығарыўшы тийкарғы дүзилисине тийисли тийкарғы принциплердиң ҳәзирги заман талапларына сай болыўын нәзерде тутқан ҳәм буған ерискен. Онда, мәселен, нызамшылықта суд ислерин тартысыў процессин қорғаў ҳуқықы сыяқлы оте зәрүр принциплер беккемленди ҳәм олар кейиншелик қабыл етилген жынаят – процессуал, Пуқаралық, процессуал, Хожалық процессуал кодекслеринде анықластырылды. Бундай тийкарғы қағыйдалар суд додалаўы процессинде реал әмел ете баслады ҳәм судлардың жумыс сыпатына жақсы тәсир көрсетти.

Инсан ҳуқықларын қорғаўға қаратылған хызметин әмелге асыратуғын суд ҳәкимиятынын қәлиплестирилиўи, мәмлекетте жәмийетлик турақлылық ҳәм нызамшылықтың тәмийнлениўи, «Өзбекстан Республикасының Конституциялық суды ҳаққында» ғы, «Судлар ҳаққында»ғы нызамлардың қабыл етилиўи Өзбекстан Республикасында суд реформасы дәслепки басқышының тийкарғы мазмунын курады.

Бизге мәлим, тек бир ғана судлар дүзилисин реформалаў менен идея нызамға қарата үстин турған таталитар, ҳәкимшилик – буйрықпазлық дүзиминен инсан ҳуқықлары ҳәм еркинликлери үстинлигин

тәмийнлейтуғын ҳақықый демократиялық ҳуқықый мәмлекетке ҳәм жәмийетке өтип болмайды. ҳәзирги ўаққытта ҳуқықый тараўда терең түп өзгерислер әмелге асырылыўын, бир қатар нызамлар қабыл етилиўин талап етти.

Судтың демократизми объективлигин, ҳәр қандай пуқараның судқа мүрәжаат ете алыў имкәниятын, суд қорғаўында бола алыў тараўын кеңейттириўди тәмийинлеў ўазыйпасы қойылды. 1994- жылдың сентябиринде қабыл етилген ҳәм ә99ө-жыл ә-апрелден баслап ҳәрекетке енгизилген әмелге киргизилген Өзбекстан Республикасы Жынаят кодекси нызамшылықты тәмийнлеўде үлкен аҳмийетке ийе ҳәм ол мәмлекетимиз суд – ҳуқық системасын қайта көриўде зәрүр қәдем болды.

Өзбекстан Республикасының жынаят ҳаққындағы жаңа нызамлары алдыңғы нызамлардан принципиал ҳәм түптен тийкарынан айырмашылыққа ийе. Класслық принциплерге тийкарланған, идеологиялық исенимлерге бойсындырылған 1959-жылғы Жынаят кодекси, оған киргизилген ҳуқықый нормалардың ҳәкимшилик–буйрықпазлық системасы ҳәм режели–бөлистириўши экономика мәплери менен суўғарылғанлығы өз гезегинде пуқара ҳуқықлары ҳәм еркинликлери кемситилгенлиги менен ажралып турар еди. Онда инсан ҳуқықлары, алды менен, мүликке болған ҳуқықлары, қатаң шекленгенлиги, нызамсыз араласыўдан тысқары тараўлар тән алынбас, бир қатар өте зәрүр сиясий, экономикалық ҳәм жәмийетлик машқалаларды шешиўде жазалаў жынайый мәжбүрлеў қураллары ҳәм услублары әҳмийети жүдә бөрттирилген ҳәм асырып жиберилген еди. ее-жынаят түри ушын өлим жазасының белгиленгенлиги әне соннан жетерли дәлил береди.

Ғәрезсиз Өзбекстанның Жынаят кодекси жаңа шәрт – шәраятлар, жаңаша принциплер ҳәм реаллықларға тийкарланады. Онда қәдриятларға түптен қайта баҳа берип шығылған, оның негизин инсан ҳәм пуқарлық халықаралық мойынланған демократиялық принциплерге, халықтың руўҳый ҳәм әдеплилик нормалары ҳәм дәстүрлерине муўапық келетуғын

ҳуқуқлары ҳәм еркинликлери өз көринисин тапқан. Сүргин адамгершиликли емес жаза шаралары сыпатында биринши мәрте жынайый жазалар қатарынан шығарып тасланды. Пуқаралардың ҳуқықлары ҳәм еркинликлери, олардың нызамлы мәплерин жынаят-ҳуқықый қорықлаў ҳәм қорғаў идеясы кодексте тийкарғы идея тәризинде жәмлестирилген.

Әне усы тийкарғы қағыйда шахс, жәмийет ҳәм мәмлекетке қарсы қәўипли қылмыс болған жынаят ушын жуўапкерлик ҳәм жазаның тайынлығын белгилейди.

Экономикалық тараўындағы жынаятлар ҳаққындағы бөлим адамның мүлкине болған ажралмас ҳуқықы, нызам алдында оның барлық мулк формаларының теңлигине тийкарланады. Қоршаған-әтирапты қорғаў ҳәм тәбияттан пайдаланыў тараўында садыр етилетуғын жынаятлар экологияға қарсы жынаятлар сыпатында ғәрезсиз топарға ажыратылған.

Жынаят кодекси менен тап бир ўақытта Өзбекстан Республикасының Жынаят-Процессуал кодекси де ислеп шығылды ҳәм қабыл етилди. Жаңа жынаят-процессуал кодексинде жынаят процессиниң ҳалық-аралық ҳуқықый нормаларға сай принциплер: айыпсызлық презумциясы, судта тартысыў процесси, қорғаў ҳуқықының тәминлениў сыяқлы басқа принциплер биринши рет беккемлеп қойылды. Усы Жынаят-процессуал кодекси қорғаў ҳуқықын тек жариялап қоймастан яғный шахс жынаят садыр етиўде гуманланып қолға алынған ўақыттан баслап оның әмелге асырылыўын тәминлейди. Жынаят ислерин судта көриўде прокурордың роли өзгертирилген. Судта тартысыў принципине муўапық прокурор процессте тең ҳуқықлы тәрепке айланды ҳәм суд үстинен бақлаў жүргизиў функциясынан азат етиледи. Енди, жаңа ЖПКне муўапық, прокурорға судта жынайый ислердиң көрип шығылыўында мәмлекет айыплаўын қоллап-қуўатлайтуғын уйым сыпатындағы ўакилликлер берилди.

Шахсты ҳүрмет етиў, оның ҳуқықлары ҳәм мәплерин қорғаў барлық мәмлекетлик уйымлары, жәмийетлик бирлеспелер ҳәм лаўазымлы шахслардың миннети.

Өзбекстан Республикасының «Пуқаралардың ҳуқықлары ҳәм еркинликлерин бузатуғын ис-ҳәрекетлер ҳәм қарарлар үстинен судқа шағымы хаққында»ғы «Адвокатура ҳаққында»ғы «Адвокатлық жумысының кепилликлерди ҳәм адвокатлардың жәмийетлик қорғаўы ҳаққында»ғы нызамлар шахс ҳуқықларын атқарыў ҳәкимияты уйымларының нызамсыз ис-ҳәрекетлеринен қорғаў барысында қосымша кепилликлер жаратыў жолындағы зәрүр қәдем болды.

Усылай етип, суд реформасын әмелге асырыў процессинде суд ўәкилликлеринде түп өзгерислер жүз берди: пуқаралық-ҳуқықый ҳәм жынаят-ҳуқықый қатнасықлар тараўында нызамлар ҳәм нызам асты ҳүжжетлери менен шеклеп қойылған тийисликтиң қағыйдасы бийкар етилип, дүньяда қабыл етилген стандартларға (талапларға) сай келетуғын ўәкилликлер белгиленди. Суд ўәкилликлерин кеңейттирилиўи судларды мәмлекетлик ҳәкимияттың толық ҳуқықы тармағы сыпатында жәмийеттиң ҳуқықый негизлерин сапалы қорғаў имканын беретуғын шәраят жаратты.

Пуқаралардың нызамлы ҳуқықларын ҳәм еркинликлерин қорғаў судлардың ҳәм ҳуқықый-тәртипти қорғаў уйымларының жумысында тийкарғы мазмунна айланыўы керек. Суд жазалаўшы уйымынан әпиўайы адамлардың ҳуқықлары ҳәм мәплерин қорғаўшы уйымға айланып, ҳақыйқақындада ғәрезсиз болып қалыўы лазым».[1]

Республикадағы демократиялықалық түп реформаларды жәнеде тереңлестириў, пуқараларда суд олардың ҳуқық ҳәм нызамлы мәплери қорғаўында турған уйым екенлиги ҳаққындағы қатнасықты қәлиплестириў, суд юрисдикциясы қамраўын кеңейттириў, нызамшылық ҳәм жәмийетлик әдалатты тәмийнлеўде судтың ролин асырыў мақсетинде Өзбекстан Республикасы Олий Мәжлиси Кеңеси Өзбекстан Республикасында суд реформасын жәнеде раўажландырыў дәстүрин тастықлайды.

---

[1] Каримов И.А.Ҳозирги босқичда демократиялық ислоҳатларни чукурлаштиришнинг муҳим вазифаларни. Миллий давлатчилик, истиқлол мафкураси ва ҳуқуқий маданият тўғрисида.- Т. ИИВ Академияси, 1999, 381-382-бетлар.

Бүгинги күнде усы Пәрманлардан келип шығатуғын ўазыйпаларды әмелге асырыў, тийисли нызамлықларымызға өзгерис ҳәмде қосымшалар киргизиў үстинде ис алып барылмақта.

Бүгинги күнде инсан, оның турмысы, еркинлиги, қәдир-қымбаты ҳәм басқа ажралмас ҳуқықлары ең жоқарғы қәдирят сыпатында тән алынды. Өзбекстан Республикасы Жоқарғы суды Пленумы «суд ҳәкимияты» түсинигине түсиник берип, «Суд ҳәкимияты» - бул судлардың Өзбекстан Республикасы Конституциясы ҳәм нызамлары үстинлиги принципи сөзсиз бойсыныў тийкарында жынайый, пуқаралық, хожалық ислерине ҳәм ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы ислерди көриў бойынша ўәкиллиги»[1], деп көрсетеди.

Инсан ҳуқықларын қорғаўға қаратылған хызметин әмелге асыратуғын суд ҳокимиятының шөлкемлестирилиўи, мәмлекеттте нызамлылықтың тәмийинлениўи, «Өзбекстан Республикасы Конституциялық суды ҳаққында»ғы, «Судлар ҳаққында»ғы нызамлардың қабыл етилиўи суд реформаларының биринши басқышындағы мазмунын пайда етеди.

Суд-ҳуқық реформаларының гезектеги басқышы ўазыйпалары Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримовтың биринши шақрық Өзбекстан Республикасы Олий Мәжлистиң алтыншы сессиясында сөйлеген сөзинде анық белгилеп берилди: «Суд реформаларын тереңлестириў, ҳәкимияттың үшинши, ғәрезсиз тармағы сыпатында әдил судлаў дизимин демократияластырыў-ҳуқықый мәмлекетти беккемлеўдиң және бир зәрүр бағдары. Жәмийетлик турмысымыздың демократиялық институты сыпатында судтың әҳмийети асырылыўы зәрүр.

Пуқаралардың нызамлы ҳуқықлары ҳәм еркинликлерин қорғаў судлардың ҳәм ҳуқықый-тәртипти қорғаў уйымларының хызметинде тийкарғы мазмунға айланыўы керек. Суд жазалаўшы уйымнан әпиўайы

---

[1] Ўзбекистон Республикаси Олий Суди Пленуми қарорларининг тўплами 2004-2005й..-Т. «Шарқ» 2008-20б.

адамлардың ҳуқықлары ҳәм мәплерин қорғаўшы уйымға айланып, ҳақыйқаттанда ғәрезсиз болып қалыўы лазым»[1].

Өзбекстан Республикасы Олий Мәжлиси Кеңеси демократиялық реформаларды жәнеде тереңлестириў, пуқараларда суд олардың ҳуқық ҳәм нызамлы мәплерин қорғаўда турған уйым екенлиги ҳаққындағы түсиникке ийе болыў, суд юрисдикциясы кеңейтириў, нызамшылық ҳәм социаллық әдилликти тәмийинлеўде судтың ролин асырыў мақсетинде ислеп шығылған «Өзбекстан Республикасы суд реформаларын жәнеде раўажландырыў» дәстүрин тастыйықлады.

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2000 жыл 14 августағы Пәрманына муўапық судлар қәнигелестирилиўи принципи жәрияланды, яғный улыўма юрисдикция судларының пуқаралық ҳәм жынаят ислерин айрықша түрде көрип шығатуғын судларға ажратылыўы суд дизимин реформалаўда жаңа қәдем қойды. Бул пәрманға муўапық улыўма юрисдикция судлары негизинде төмендегилер шөлкемлестирилди: Қарақалпақстан Республикасы пуқаралық ислери бойынша Жоқарғы суд, пуқаралық ислери бойынша ўалаятлар, Ташкент қаласы ҳәм районлар аралық судлары, Қарақалпақстан Республикасы жынаят ислери бойынша Жоқарғы суд, ўалаятлар, жынаят ислери бойынша Ташкент қаласы ҳәм район судлары. Президентимиз тәрепинен қабыл етилген бул пәрман үлкен әҳмийетке ийе болды. Себеби, ол судтағы ислердиң әдил ҳәм өз ўақтында көрип шығылыўын тәмийинлеў, пуқаралардың нызам менен қорғалатуғын ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаў кепилликлерин жәнеде күшейтиреди.

Дүнья жүзиниң раўажланған мәмлекетлеринде, соннан, АҚШ, Англия,Франция, Италия, Германия мәмлекетлеринде узақ жыллар даўамында әдил судлаўдың қәнигелестирилген судлары тәрепинен әмелге асырылыўы принципи өз сапасын көрсетпекте.

---

[1] Каримов И.А. Бизнинг бош мақсадимиз – жамиятни демократлаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир. – Т.: Ўзбекистон, 2005.

2001 жыл 1 январдан баслап Өзбекстан Республикасы пуқаралық ислери ҳәм жынаят ислери бойынша судлар айрықша тәризде хызмет көрсете баслады.

Республикада әмелге асырылған судлардың қәнигелестириўи судлар тәрепинен илгери шөл қойып келинген қәтелер ҳәм пуқаралар хуқық ҳәм нызамлы мәплери бузылыўының бир қанша обьектив себеплерин шешеди.

Ҳәзирги ўақытта судьялар өзлериниң қәнийгелесиўине карап нызамларды ҳәм суд әмелиятын бир қанша терең үйрениў имканиятына ийе. Буннан тасқары, Адиллик министирлиги жынаят ислери ҳәм пуқаралық ислери бойынша судьяларды қайта таярлаў жүзесинен айрықша дәстүрлерди ислеп шықпақта.

Суд дизимин реформалаўдың жуўмақлаўшы мақсетлеринен бири-ҳәкимияттың толық тараўы сыпатында суд ғәрезсизлигин тәмийинлеў, адил судлаўдың сыпаты ҳәм тезлигин асырыў, суд шығарған карарлардың әдилликли болыўын, суд исиндеги бийпарўалықты тәмийинлеўден ибарат. !дил судлаўдың сапалы болыўы нызамлардың үстинлигин тән алыўға, суд тәрепинен нызамлы тийкарланған әдиликли ҳүким, қарар шығарыўға көмеклеседи.

Жынаят-процессуал ҳәм пуқаралық процессуал нызамларына өзгерислер киригизилиўи жәрия етилиўиниң логикалық даўамы болды, бундай өзгерислер себепли процесс қатнасыўшылары ҳуқықларына әмел етиўиниң процессуал кепилликлери кеңейди, судта қорғаныў ҳуқықын әмелге асырыўға тийисли нызамлы механизм күшейттирилди, суд процессинде тартысыў принципи тәмийнлениўине қарай кескин қәдем қойылды. Жуўмақлап айтқанда судларды қәнигелестириўди жәнеде тереңлестириў ушын бир қанша ислерди әмелге асырыў лазым. Бул ислер қатарына төмендегилерди киргизиў мүмкин:

-биринșиден, пуқаралық ислерге қәнигелестирилген судлардың материаллық-техникалық тәмийнаты жәнеде ислерди көриў ушын шарт-шараятларды еледе жақсылаў;

-екиншиден, пуқаралық ислери бойынша районлар арлық судлар орнына бир районда пуқаралық ислери бойынша судларды шөлкемлестириў;

-үшиншиден; халық ҳәм судларда көрилип атырған ислер санының артып баратырғанлығын есапқа алып, судьялар санын көбейтириў;

-төртиншиден, даўлардың түрлерине қарап судьяларды қәнигелестириў.

## 2.3.Суд ислерин жүргизиўде апелляция ҳәм кассация институтлары.

Өзбекстан Республикасы ғәрезсизлигиниң дәслепки басқышларындақ суд дизимин қәлиплестириў ҳәм судта ис жүргизиўдиң демократиялық заманагөй дизимин жәриялаў бойынша суд-ҳуқық реформалары суд ҳәкимиятын мәмлекетлик ҳәкимияттың ғәрезсиз тармағы сыпатында қәлиплестириўге жәнеде пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин конституциялық принциплерге тийкар әмелге асырыўға бағдарланған.

Суд-ҳуқық реформаларының тийкарғы мәселелеринен бири, әдил ҳәм инсан ҳуқықларына ҳүрметлеўди тәмийнлеўши ҳуқықый ҳәм суд системасысыз ҳеш қандай раўажланыў болмайды. Ғәрезсизликке ерисиў астанасында ҳәм ғәрезсизликтиң дәсоепки күнлеринен баслап-ақ Өзбекстанда мәмлекетлик ҳәм жәийетлик турмыста демократиялық тәрептен және де жаңаша ҳәм суд-ҳуқық системасын реформалаўға кирисилди[1].

Бүгинги күнде пуқаралар нызамлы күшке кирген биринши инстанция суд карарынан наразы болған жағдайда, өз ҳуқық ҳәм нызамлы мәплерин кассация инстанциясында, өз адвокаты қатнасында тиккелей қорғаў имканына ийе болды. Солай етип, пуқаралардың биринши инстанция судларының карарларын байланыслы шағымларды жасырын, жабық тәризде көрип шығыў тәртиби биротала тамамланғанын атап өтиў лазым.

Әмелге асырылған өзгерислер анализи сонны көрсетеди, енгизилген жаңалықлар биринши инстанция судлары тәрепинен жол қойылған қәтелерди өз ўақтында дүзетиў, суд хызметинде өзи боладылыққа жол қоймаслықтың әҳмийетли кепилине айланды.

Суд-ҳуқық дизиминде реформаларды тереңлестириў ушын Президент И.А.Каримов Өзбекстан Республикасы Олий Мәжлистиң екинши шақрық биринши сессиясында белгилеп берген ҳәм ўазыйпалардан келип шыққан жағдайда төмендегилерди орынлаўы лазым:

-бириншиден, бар нызамларды шөлкемлестириў жәнеде жаңа қабыл етилген нызам ҳәм норматив ҳүжжетлерди анықлап алыў;

-екиншиден, қабыл етилген нызам ҳәм норматив ҳүжжетлердиң сөзсиз орынланыўын, яғный орынланыўын тәмийинлеў;

-үшиншиден, суд процессинде айыплаў ҳәм қорғаўдың ҳәрекеттеги теңлигин тәмийинлеў;

-төртиншиден, халықтың, әсиресе, жаслар ҳуқықый санасын ҳәм мәдениятын жетилистириўге қаратылған илажларын көриў.

Суд ҳәкимиятының шөлкемлестирилиўи ҳәм әмел етиў тийкарларын белгилеўши бир қатар нызамлардың қабыл етилиўи сөзсиз жәмийетти демократластырыў барысындағы қатақ утыслар қатарына киреди. Олар қатарына Өзбекстан Республикасының «Судлар ҳаққында»ғы Нызамы, «Өзбекстан Республикасының Конституциялық суды ҳаққында»ғы Нызамы, Пуқаралық, Пуқаралық процессуал, ҳожалық процессуал, жынаят ҳәм жынаят–процессуал кодекслери, ҳәкимшилик жуўапкерлик ҳаққындағы кодекс ҳәм басқа нызам ҳүжжетлери киреди. Суд ҳәкимиятының бирден–бирлиги судялардың ғарезсизлиги, суд корпусының қәлиплестириўин белгилейтуғын ҳуқықый қағыйдалар сондай–ақ судлар жумысын финансластырыў ҳәм материаллық–техника тәмийнлеў мәселелери тап усы ҳүжжетлерде баян етилген. Процессуал кодекслерде болса ҳуқықый демократиялық мәмлекет қурыў шәраятында әдил судлаўды әмелге асырыў

[1] Ўзбекистон Республикаси Президенти И.А.Каримовнинг «Ўзбекистон мустақилликка эришиш

принциплери, халықаралық қағыйдаларға, талапларға муўапық болған суд ислери жүргизиў қағыйдалары: суд ислерин жүргизиўде тартысыў айыпсызлық презумпциясы процессте тәреплердиң теңлиги ҳәм басқа принциплер өз көринисин тапты.

Усы менен бир қатарда суд ҳәкимиятының жаңа дүзилмелери (Конституциялық суд, хожалық ҳәм әскерий судлар) жаратыў ислери де алып барылады. Жәмийет турмысы гүркиреп раўажланды. Барлық тараўларда түп реформалар әмелге асырылды. ҳуқықый мәмлекеттиң беккемленип барыўы суд реформасын тереңлестириўди, әдил судлаў системасын демократластырыўды талап қылады.

Суд-ҳуқық тараўының тийкарғы бағдарлары бойынша алып барылып атырған реформаларды әмелге асырыўда Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2000 жыл июндағы Пәрманы менен тастыйықланған дәстүр зәрүр әҳмийетке ийе болды. Усы дәстүрге муўапық 2000 жыл 14 декабрде Өзбекстан Республикасы Олий Мәжлистиң екинши шақрық төртинши сессиясында Өзбекстан Республикасы Жынаят процессуал, Хожалық процессуал ҳәм Пуқаралық процессуал кодекслерине өзгерис ҳәм қосымшалар киргизиў ҳаққында нызам қабыл етилди.

Оған көре, жынаят судлаў ислерин жүргизиўге биринши мәртебе апелляция тәртибинде ис жүргизиў институты, яғный судтың нызамлы күшке кирмеген ҳүкими, ажрым ҳәм қарарларын тексериўдиң тийкары белгиленип алынды.

Аппеляция тәртибинде ис жүргизиў жоқары инстанция суды ушын туўрыдан-туўры топланған дәлиллер ҳәм қабыл етилген қарарлардың мәнисине итибар бериўге, пуқаралардың ҳуқықы ҳәм нызамлы мәплерин кепиллигине имканият береди. Буннан тысқары, апелляция ҳәм жаңаша мазмундағы кассация институты қәлиплестирилгенлиги судқа пуқаралардың бузылған ҳуқықларын тиклеў жәнеде суд тәрепинен жол қойылған қәте ҳәм кемшиликлерди өз ўақтында жоқ етиўге имканият

остонасида» китобини ўрганиш бўйича ўқув-услубий қўлланма. Тошкент-2012. Б-81.

береди. Апелляция институты жынаят процессуал кодексинде жоқары инстанция судлары тәрепинен шығарылған ҳүким, ажрым ҳәм қарарлардың нызамлылығы, тийкарлылығы ҳәм әдиллигин тексериўдиң өзине тән механизими жаратылыўға алып келинди. Бул механизм төмендегилерди өз ишине алады:

1.Биринши инстанция судының шығарған нызамлы күшине кирмеген ҳүким ҳәм қарарлары үстинен апелляция инстанция судына апелляция тәртипте шағым етиў ҳәм протест келтириў;

2. Биринши инстанция суды тәрепинен шығарылған нызамлы күке кирген ҳүким ҳәм қарарлар үстинен кассация инстанциясы судына кассация тәртибинде шағым ҳәм протест келтириў;

3. Нызамлы күшке кирген ҳүким ҳәм қарарларды бақлаў тәртибинде көрип шығыў;

4. Жаңа ашылған жағдайлар қатнасығы менен ис жүргизиўди қайтадан баслаў;

Президент И.А.Каримовтың Олий Мәжлис Нызамшылық палатасы ҳәм Сенаттың қоспа мәжлисинде сөйлеген сөзинде нызамшылыққа муўапық суд ислерин апелляция ҳәм касация түринде көрип шығыў институтларының зәрүрлигин айтып өтти[1]. Жынаят прцессуал нызамшылығында ҳүким ҳәм қарарлар нызамлы күшине киргеннен кейин де, еркин түрде бир жыл даўамында кассация тәртипте судқа шағым етиў имканияты берилгенлиги зәрүр өзгерис. Апелляция яки кассация тәртипте ис қозғатыў ушын себеп ҳәм тийкарлар болыўы керек. Себеби, жынаят иси үстинен шығарылған ҳүкимнен наразылық арзасы менен судқа шағым еткен процесс қатнасыўшылары ис нәтийжесинен мәпдар болыўы лазым. Айыплаў позициясында турып судланыўшыға жазаның жеңил түри белгиленгенлигинен наразы болған тәрепке жәбирлениўши, оның ўәкили, нызамлы ўәкили, пуқаралық даўагер, прокурор киреди. Белгиленген

[1] Каримов И.А. Бизнинг бош мақсадимиз – жамиятни демократлаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир. – Т.: Ўзбекистон, 2005.

жазадан наразы болған тәреп, маҳкум, оның қорғаўшысы, нызамлы ўәкили пуқаралық жуўапкер есапланады.

Апелляция яки кассация инстанциясы судына протест яки шағым менен муражаат етиўде бузылған ҳуқықларын тиклеў, сорастырыў ҳәм тергеў уйымлары жәнеде биринши инстанция суды хызметиндеги кемшиликлер жоқ етиледи. ҳүким ҳәм қарарларды бийкар етиў яки өзгеритиў ушын тийкарлар Жынаят процессуал кодексиниң r8r-статьясында белгиленген[1].

Апелляция, кассация ҳәм қадағалаў тәртибинде ҳүкимди өзгеритиў ҳәм бийкар етиў ушын төмендегилер тийкар болады:

1. Суд тергеўиниң толық емеслиги, яки бир жақлама алып барылғанлығы;

2. ҳүкимде баян етилген суд жуўмақлары исиниң ҳақыйқый жағдайларға муўапық емеслиги;

3. Жынаят-процессуал кодекси нормаларының бузылғанлығы;

4. Жынаят кодекси нормаларының қәте қолланылғанлығы;

5. Жазаның әдилсизлиги.

Нызам менен белгиленген шағым етиў ҳуқықына ийе болған шахслар дизимин қысқартыўға яки кеңейтириўге жол қойылмайды. Дизимде көрсетип өтилген қатнасыўшылар апелляция ҳәм кассация тәртибинде шағым бериўге ҳақлы, ал прокурор болса суд прцесинде қатнасқан, қатнаспағаннан қатаң, протест келтириўге мәжбүр. Соның менен бирге жынаят процессуал нызамшылығында жынаят процесси қатнасыўшыларының суд қарарлары үстинен шағым ҳәм протест билдириўде қандай қандай ҳуқықларға ийе екенликлери белгиленип қойылған. Жынаят процессуал кодексиниң 497[1]-статьясыда[1] көрсетилгениндей шахслар судтың нызамлы күшине кирмеген ҳүким үстинен процесстиң басқа қатнасыўшылары шағым менен муражаат

[1] Ўзбекистон Республикасининг Жиноят-Процессуал Кодекси.-Т.: Ўзбекистон Республикаси Адлия вазирлиги, 2004, 227-б.

қылған-қылмағанлықларынан қатаң, өзлери ғәрезсиз түрде апелляция шағымы менен муражаат етиў ҳуқықына ийе. Судланыўшы нызамға муўапық тек ғана ҳүкимниң оған тийисли болған бөлими үстинен шағым етиўге ҳақлы. Ал жоқары инстанция суды болса барлық судланыўшыларға деген исти қадағалаў тәртибинде көрип шығыўы керек.

Қорғаўшы шағым етиў ҳуқықының ғәрезсиз субъекти есапланады. Ол өз басламасы менен апелляция яки кассация шағымы менен киргизиў ҳуқықына ийе. Прокурор апелляция ҳәм кассация тәртибинде барлық нызамсыз, тийкарланбаған ҳәм әдилсиз ҳүкимлер үстинен кимниң мәплери шекленгеннен қатаң, протест келтириў миннети. Судланыўшы, жәбирлениўши, пуқаралық даўагер ҳәм пуқаралық жуўапкерлерден (егер олар ис бойынша бир неше түрлерге бөлинген болса) ҳәр бири ғәрезсиз рәўиште шағым етиў ҳуқықына ийе. Жынаят процессуал кодексиниң 497$^{2}$-статьясында[1] тек ғана пуқаралық даўагер ҳәм пуқаралық жуўапкер, олардың ўәкиллери жәнеде ақланған шахстың шағымы менен муражаат етиў шегарасы белгиленген. Қалған барлық суъектлер ушын шағым бериўде ҳеш қандай шеклеўлер белгиленбеген. Олар ҳүкимниң қәлеген бөлими үстинен қәлеген тийкарлары бойынша шағым етиўлери мүмкин.

Процесс қатнасыўшыларының ҳүким ҳәм қарарлар үстинен шағым етиўлери апелляция ҳәм кассация инстанция судларының усы шағым ҳәм протести көрип шығыў миннетлемесин келтирип шығарады. Суд бул миннетлемелерди орынлаўдан бас тартыўға ҳақысы жоқ. Суд шағым ҳәм протести қанаатландырыў яки қанаатландырмаўы мүмкин. Бирақ исти көрместен қалдырыў мүмкин емес.

Апелляция ҳәм кассация инстанциясы суды шағым яки протест түскен күннен баслап 15 күннен баслап кешиктирмей исти көриўин баслайды. Ал Жоқарғы суд жынаят исин апелляция яки кассация шағымы, яки протести келип түскен күннен баслап бир айдан кешиктирмей көрип шығыўға

[1] Ўзбекистон Республикасининг Жиноят-Процессуал Кодекси.-Т.: Ўзбекистон Республикаси Адлия вазирлиги, 2004, 234-б.

кирисиўи керек. Нызамшылықта ис жүдә беккем болған жағдайда ҳәм басқа жағдайларда бул мүддет узайттырлыўы мүмкинлиги белгиленген. Усындай жынаят исин көрип атырған суд баслығы белгиленген мүддетти көби бийзарылық менен 15 күнге шекем, Өзбекстан Республикасы Жоқарғы суды яки оның орынбасары жоқарыда белгиленген мүддетти бир айға узайтырыў ўәкиллигине ийе. Жынаят исин көриў мүддетин узайтырыў ҳаққындағы қарарды жоқары инстанция суды процесиниң барлық мәпдар қатнасыўшыларына мәлим етеди. Тек ғана себепли жағдайларда ғана ис көрилиўи басқа күнге көширилиўине жол қойылады.

Егер исте қатнасыўшы шахслар суд мәжлиси ҳаққында белгиленген тәртипте өз ўақтында ескертирилген болса, бирақ судқа ҳеш қандай себеплерсиз келмесе, бул ҳаққында судты ескерттирмеген болса, суд келмеген процесс қатнасыўшыларысыз исти көриў ҳаққында ажрым шығарады ҳәм бул ҳаққында суд мәжлиси баяннамасына киргизеди.

Суд жынаят исин апелляция яки кассация тәртибинде көрип, төмендеги қарарлардан бирин қабыл етеди:

1. Судтың ҳүкмин өзгертиўсиз қалдырады;

2. Судтың ҳүкми өзгертириледи;

3. Судтың ҳүкми бийкар етиледи ҳәм қосымша тергеўге яки қайтадан суд додалаўында көриў ушын қайтарылады, ямаса исти тоқтатады.

Жуўмақлап соны айтыўымыз керек, жынаят процессинде ҳүким ҳәм қарарлардың нызамлылығы, тийкарланғанлығы ҳәм әдиллилигин тексериў басқышының күшейтирилиўи, яғный апелляция инстанциясы жәрияланып, кассация инстанциясына жаңа мазмун берилиўден мақсет:

1. Жынаят иси нәтийжелеринен мәпдар болған процесс қатнасыўшыларының суд инстанцияларына бир жыл даўамында еркин түрде шағым, арза менен муражаат етип, нызамлы ҳуқық ҳәм мәплерин дурыс шешилиўине ерисиў;

---

[1] Ўзбекистон Республикасининг Жиноят-Процессуал Кодекси.-Т.: Ўзбекистон Республикаси Адлия вазирлиги, 2004, 234-б.

2.Нызамсыз, тийкарсыз әдилсиз ҳүкимлердиң орынланыўының алдын алыў;

3. ҳүкимлердиң нызамлылығы, тийкарланғанлығы ҳәм әдиллигин тексериў басқышын шөлкемлестириў арқалы суд қадағалаўын күшейтириўден ибарат.

Буның менен апелляция инстанциясын жәнеде раўажландырыў мүмкин. Мысалы, көпшилик сырт ел мәмлекетлериниң жынаят процессуал нызамшылығында апелляция инстанциясы жынаят ислериниң мазмунын көрип ҳүким шығарады. Сол себепли оларда жынаят ислерин дәслепки тергеўге қайтарыў институты жоқ. Келешекте сол мәселеде ҳәр тәреплеме үйренилип, жынаят процессуал кодекси шөлкемлестирилсе мақсетке муўапық болар еди.

Өзбекстан Республикасы Конституциясының re-статьясында көрсетилгениндей, "Мәмлекет пуқаралардың Конституция ҳәм нызамларда беккемленген ҳуқықлары ҳәм еркинликлерин тәмийилейди". Пуқаралардың Конституция ҳәм нызамларда беккемленип қойылған ҳуқық ҳәм еркинликлерине қол қатылмайды, олардан суд қарарысыз айырыўға, яки оларды шеклеп қойыўға ҳеш ким ҳақлы емес. Жынаят ислегенликте айыпланып атырған ҳәр бир шахстың иси судта нызамлы тәртипте, жәрияланып, оның айыбы анықланбағанша, ол айыпкер деп есапланбайды. Булар да Конституциямыз талаплары болып есапланады. Демек, ҳәр бир шахс суд еркине өзине байланыслы болған мәселениң ҳуқықый шешимин табыў ушын мүражаат етиўге ҳақлы. Ал буның ушын судта өз хызмет ўазыйпасын атқарып атырған лаўазымлы шахс-судья өзине жүклетилген бул үлкен ўазыйпаны ҳуждапы менен, нызам талапларына қатаң бойсынған жағдайда әмелге асырыўы керек. Аўқамлас дәўирде судлардың тек ғана нызамға бойсыныў ҳаққында нызамлары бар болсада, олардың нызамлы тийкарда ғәрезсиз хызмет көрсетиўлерин тәмийнлеў бойынша ҳуқықый механизм жоқ еди. Көбинесе судлар жазалаўшы функцияны әмелге асыратуғын еди. Өзбекстан Республикасы ғәрезсизликке ерискеннен соң

жаңа қабыл етилген Конституцияда судтың айрықша ҳәкимият тармағы сыпатында белгилениўи, судлар ғәрезсизлигин тәмийинлеўши тийкарғы қурал болып хызмет ете баслады. Судлар енди мәлим бир сиясий партия яки басқа жәмәәт мәмлекет шөлкеминиң тапсырығын орынлаўшы мекеме емес, жазалаўшы мәмлекет аппараты емес, ал ғәрезсиз суд уйымына айланды. Конституция ҳәм нызамларда судлар ғәрезсизлигин көрсетиўден мақсет, пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин ҳуқықый қорғаў, оларды түрли нызамға қарсы ҳәрекетлерден қорғаўдың ҳуқықый уйымын жаратыўдан ибарат.

Адил судлаўды әмелге асырыў ўазыйпасы суд уйымлары тәрепинен орынланар екен, бул ўазыйпаны орынлаўшы судьялар жуўапкершилиги, олардың ҳуқықый саўатлығы, сапасы, әдиллиги, өз исине ҳуждалы қатнаста болыўы зәрүр әҳмийетке ийе. Сол орында Президентимиз И.А.Каримовтың “Мен бир ўақытлары айтып едим, халқымыз ҳәр қандай қыйыншылыққа шыдайды, бирақ ҳеш қашан адилликтиң бузылыўына шыдамайды. Адиллик қашан бузылады? Әмелде отырған, ўазыйпада отырған адам өзи мәдений жақтан бузылса, нафсин тыя алмаса, туўры жолдан шықса, мине усы гезде адиллик бузылады, сол ўақытта адамлар бизлерге деген исенимин жоғалтады» [1] деген пикирлерин еслетиў орынлы. Адилликтиң жүзеге шығыўы тиккелей судьяға байланыслы екен, бул ўазыйпада ислеўши кадрларды таңлаў ҳәм тайынлаў жуўапкершилиги орынлы екенлиги ҳәммемизге мәлим. Барлық судлардың судьялары сайланыў тәртиби тийкарында судьялық лаўазымын ийелеп, әдил судлаўды әмелге асырған болсалар, ендиликте бул жоқары лаўазымға талабанларды таңлаў ҳәм оларды орны-орнына қойыўдың айрықша тәртиби орнатылды.

Суд ҳәкимиятының ғәрезсизлигин еледе беккемлеў ҳәм тәмийинлеў, судьялық лаўазымына талабанларды таңлаў орны-орнына қойыў тәртибин жәнеде демократияластырыў мақсетинде 1999 жыл 30 июлда Өзбекстан Республикасы Президенти Пәрманы қабыл етилди. Оған муўапық,

[1] И.А.Каримов. Барқарор тараққиётга эришиш устувор вазифа.ғТ., «Ўзбекистон», 1998, Б-47.

Өзбекстан Республикасы Президенти жанындағы судьяларды тайынлаў ҳәм лаўазымнан азат етиў менен байланыслы мәселелерди көрип шығыў бойынша комиссия дүзилди. Комиссияның дүзилиўи суд реформаларының ең зәрүр машқалаларынан бири-судьялар корпусын жоқары қәнигелестирилген, ўәкилликли, оларды лаўазымға усынған уйымлар ҳәм шахсларға ғәрезли болып қалмайтуғын судьялар менен толтырыў машқаласын шешиў барысында жаңа қәдем қойылды.

2000 жыл 4 майдағы Пәрманына муўапық Судьяларды тайынлаў ҳәм лаўазымынан азат етиў менен байланыслы мәселелерди көрип шығыў бойынша комиссия Өзбекстан Республикасы Президенти жанындағы Судьяларды таңлаў ҳәм лаўазымларға усыныў бойынша жоқарғы қәнигелестирилген комиссиясына айландырылды[1].

2004 жылдың 14 декабринде Өзбекстан Республикасының «Судлар хаққында» ғы Нызамы (жаңа редакцияда) қабыл етилди. Бул нызамның 11-сатьясында Өзбекстан Республикасы Президенти жанындағы Судьяларды таңлаў ҳәм лаўазымға усыныў бойынша жоқары қәнигели комиссиясы судьялар, судьялар қәнигели ағзаларының, жәмәәт бирлеспелериниң ўәкиллеринен жәнеде ҳуқық тараўындағы жоқары қәнигели қәнигелерден дүзилиўи ҳәм комиссияның қурамы Өзбекстан Республикасы Президенти тәрепинен тастыйықланыўы белгиленип қойылған. Комиссияның қурамы Өзбекстан Республикасы Президенти тәрепинен тастыйықланады.

Өзбекстан Республикасы Президенти жанындағы судьяларды таңлаў ҳәм лаўазымларға усыныў бойынша жоқары қәнигели комиссия мойнына судьяларды таңлаў ҳәм орны-орнына қойыўдың демократиялық тийкарларын шөлкемлестириўдиң илажларын ислеп шығыў ҳәм әмелге асырыў, суд уйымларында ислеўши кадрларды таңлаў ҳәм Өзбекстан Республикасы Президенти тастыйықлаўына усыныўда нызамлылықты тәмийинлеў, олардың ғәрезсизлигин беккемлеўге ҳәм социаллық жақтан

[1] Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлис Ахборотномаси. 2004, 9-10 сонлар.

қорғаныўына қаратылған илажларды әмелге асырыў ўазыйпалары жүклетиледи.

Жаңа редакциядағы «Судьялар ҳаққында»ғы Нызамның қабыл етилиўи менен, судьялық лаўазымға усыныўдың жаңа тәртиби белгиленди. Буннан тысқары Өзбекстан Республикасы Президентиниң Парманына көре, «Өзбекстан Республикасы Президенти жанындағы Судьялық лаўазымға талабанларды таңлаў ҳәм усыныў бойынша жоқары қәнигели комиссия ҳаққында»ғы реже жаңа редакцияда тастыйықланды.

Суд-ҳуқық реформасы жаңа басқышының басланғыш точкасы екинши шақырық Өзбекстан Республикасы Олий Мәжлисиниң алтыншы сессиясы болды. Мәмлекетимиз басшысы И.А.Каримов сессияда сөйлеген сөзинде Өзбекистан ғарезсизликке ерискенлигиниң өте үлкен әҳмийетин, мәмлекеттиң он жыл даўамында демократиялық ҳәм раўажланыў жолынан ғарезсиз раўажланыўы шәраятында жәмийетлик турмыстың барлық тараўларында әмелге асырылған түп өзгерислер зәрүрлигин айтып, суд-ҳуқық системасын жетилистириў жынаят нызамшылығын адамгершиликли, әдилликли, хуқықый пуқаралық жәмийети принциплерине сай тәризде либералластырыў мәселелери хаққында айрықша тоқталып өтти.

Усы сессияда республика парламенти Өзбекстан Республикасы Президенти тәрепинен нызамшылық басламасы тәртибинде усынылған «Жынайый жазалардың либералластырылыўы мүнәсибети менен Өзбекстан Республикасының Жынаят, жынаят-процессуал кодекслери ҳәмде ҳәкимшилик жуўапкерлик хаққындағы кодексине өзгерислер ҳәм қосымшалар киритиў хаққында» ғы Нызам жойбарын көрип шықты. Жойбар Олий Мәжлис депутатлары тәрепинен үлкен қызығыў ҳәм мақуллаў менен көрип алынды ҳәмде қабыл етилди. Бул Нызамды ҳеш қандай қәтесиз тарийхый ҳүжжет деп атаў мүмкин, себеби ол арқалы ҳәрекеттеги нызамларға киргизилген өзгерислер ҳәм қосымшалар мәмлекеттиң жынаят ҳәм жынаят-процессуал нызамлары адамгершиликли идеялары тийкарында терең реформа етилгенинен дәлил береди.

Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримовтың Өзбекстан Республикасы Олий Мәжлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенаттың қоспа мәжлисиндеги баянатында судқа жаңа ўәкилликти бериў мәселеси қойылыўының өзи-ақ судьяларға ҳәм оларды таярлаў механизимине жүдә үлкен жуўапкершиликти жүклейди. Демократияның ҳуқықый көриниси болған усы мәселе өзиниң турмыстағы орнын табыўы узақ мүддетли стратегик ўазыйпамыз есапланған демократиялық мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийет қурыўға бағдарланған қәдем болады десек алжаспаймыз.

## Жуўмақлаў

Ҳәкимиятлар бөлиниўине байланыслы конституциялық принципти избе-из әмелге асырыў мақсетинде “Судлар ҳаққында”ғы Нызам жаңа редакцияда қабыл етилди, сондай-ақ, бул дәўирде жынаят процессуал, пуқаралық процессуал нызамшылығына тийисли өзгерис ҳәм қосымшалар киритилди. Бул болса, өз нәўбетинде суд системасын орынлаўшы ҳәкимият органлары қадағалаўы ҳәм тәсиринен шығарыў имканын бергенин айрықша атап өтиў тийис.

Ҳәзирги ўақытта судьялық лаўазымына талабанларды усыныў, судьялардың ўәкиллигин тоқтатыў ҳәм мүддетинен алдын жуўмақлаў, оларға салыстырғанда интизамлы ис жүритиўди қозғатыў ўазыйпалары Әдиллик министрлиги ўәкиллигинен шығарылғаны да бул бойынша әҳмийетли қәдем болды. Буннан тысқары, судлар хызметин шөлкемлескенлик жақтан тәмийинлеў, соның ишинде, суд системасы ушын кадрлар мәселелери менен шуғылланыў ўазыйпасы арнаўлы орган - Өзбекстан Республикасы Президенти жанындағы Судьяларды таңлаў ҳәм лаўазымларға усыныў бойынша жоқары қәнигелик комиссиясына жүклетилгенин атап өтиў лазым.

Солар қатарында Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлигин жанында арнаўлы ўәкилликли дүзилис – Суд карарларын орынлаў, судлар хызметин материаллық-техникалық ҳәм қаржылай тәмийинлеў департаменти шөлкемлестирилди. Бул болса, судлардың оларға тән болмаған ўазыйпалардан сезилерли дәрежеде аўлақ болыўы ҳәм пүткил дыққат-итибарды өзлериниң тийкарғы ўазыйпасы болған әдил судлаўды әмелге асырыў ушын қаратыў имканын берди.

Улыўма юрисдикция судлары қәнигелестирилип, пуқаралық ҳәм жынаят ислери бойынша судлар шөлкемлестирилди. Бул өз нәўбетинде олардың жынаят ҳәм пуқаралық ислерин қәнигели тийкарда көрип шығыў,

инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин толық ҳәм ҳәртәреплеме қорғаў бойынша хызмет нәтийжелилигин асырыўға хызмет етпекте.

Пуқаралардың суд арқалы қорғалыў кепилликлери қатаң тәризде күшейттирилди. Усы кепилликтен пайдаланыў имканиятларын және де кеңейттириўди тәмийинлеў бойынша үлкен көлемдеги ис-илажлар әмелге асырылды. Әйне усы дәўирде кассация инстанциясы реформа етилип, суд ислерин қайта көриўдиң апелляция тәртиби енгизилгени де әҳмийетли жаңалық болды. Усы өзгерислерге муўапық ендигиден былай апелляция инстанциясы исти жаңадан көрип шығыўға жиберместен, оны өзи толық көлемде көрип шығыўы мүмкин.

Бүгинги күнде пуқаралар нызамлы күшке кирген биринши инстанция суд қарарынан наразы болған жағдайда, өз ҳуқық ҳәм нызамлы мәплерин кассация инстанциясында, өз адвокаты қатнасында тиккелей қорғаў имканына ийе болды. Солай етип, пуқаралардың биринши инстанция судларының қарарларын байланыслы шағымларды жасырын, жабық тәризде көрип шығыў тәртиби биротала тамамланғанын атап өтиў лазым. Әмелге асырылған өзгерислер анализи сонны көрсетеди, енгизилген жаңалықлар биринши инстанция судлары тәрепинен жол қойылған қәтелерди өз ўақтында дүзетиў, суд хызметинде өзи боладылыққа жол қоймаслықтың әҳмийетли кепилине айланды.

Ҳәзирги ўақытта судьялық лаўазымына талабанларды усыныў, судьялардың ўәкиллигин тоқтатыў ҳәм мүддетинен алдын жуўмақлаў, оларға салыстырғанда интизамлы ис жүритиўди қозғатыў ўазыйпалары Әдиллик министрлиги ўәкиллигинен шығарылғаны да бул бойынша әҳмийетли қәдем болды. Буннан тысқары, судлар хызметин шөлкемлескенлик жақтан тәмийинлеў, соның ишинде, суд системасы ушын кадрлар мәселелери менен шуғылланыў ўазыйпасы арнаўлы уйым - Өзбекстан Республикасы Президенти жанындағы Судьяларды таңлаў ҳәм лаўазымларға усыныў бойынша жоқары қәнигелик комиссиясына жүклетилгенин атап өтиў лазым.

Улыўма юрисдикция судлары қәнигелестирилип, пуқаралық ҳәм жынаят ислери бойынша судлар шөлкемлестирилди. Бул өз нәўбетинде олардың жынаят ҳәм пуқаралық ислерин қәнигели тийкарда көрип шығыў, инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин толық ҳәм ҳәртәреплеме қорғаў бойынша хызмет нәтийжелилигин асырыўға хызмет етпекте.

Реформалардың бүгинги басқышында белгиленген ўазыйпалар суд-ҳуқық дизимин реформалаў ҳәм және де либералластырыўды, сол тийкарда судлардың нызамда белгиленген тәртипте ғәрезсизлиги ҳәм еркинлигин тәмийинлеў; суд уйымларының ролин асырыў ҳәм прокуратура ўәкилликлериниң бир бөлегин судларға өткериў; шахсты услап турыў, қамаққа алыў, сондай-ақ, басқа процессуал мәжбүрий шараларды қолланыў ушын санкция бериў ҳуқықын судларға өткериў мәселелерин көзде тутады. Буннан тысқары, жазалаў системасынан өлим жазасын шығарып таслаў, суд ҳәм ҳуқық қорғаў уйымлары хызметкерлериниң жуўапкершилигин асырыў, олардың исбилерменлик, бизнес ҳәм жеке сектор ўәкиллерине қарата қатнасығын түптен өзгертиўди талап етеди.

Жуўмақлап соны айтыўымыз керек, жынаят процессинде ҳүким ҳәм қарарлардың нызамлылығы, тийкарланғанлығы ҳәм әдиллилигин тексериў басқышының күшейтирилиўи, яғный апелляция инстанциясы жәрияланып, кассация инстанциясына жаңа мазмун берилиўден мақсет:

1. Жынаят иси нәтийжелеринен мәпдар болған процесс қатнасыўшыларының суд инстанцияларына бир жыл даўамында еркин түрде шағым, арза менен мүрәжаат етип, нызамлы ҳуқық ҳәм мәплерин дурыс шешилиўине ерисиў;

2. Нызамсыз, тийкарсыз әдилсиз ҳүкимлердиң орынланыўының алдын алыў;

3. ҳүкимлердиң нызамлылығы, тийкарланғанлығы ҳәм әдиллигин тексериў басқышын шөлкемлестириў арқалы суд қадағалаўын күшейтириўден ибарат.

Соның менен бирге судларды қәнигелестириўди жәнеде тереңлестириў ушын бир қанша ислерди әмелге асырыў лазым. Бул ислер қатарына төмендегилерди киргизиў мүмкин:

- биринишиден, пуқаралық ислерге қәнигелестирилген судлардың материаллық-техникалық тәмийнаты жәнеде ислерди көриў ушын шәрт-шараятларды еледе жақсылаў;

- екиншиден, пуқаралық ислери бойынша районлар арлық судлар орнына бир районда пуқаралық ислери бойынша судларды шөлкемлестириў;

- үшиншиден; халық ҳәм судларда көрилип атырған ислер санының артып баратырғанлығын есапқа алып, судьялар санын көбейтириў;

- төртиншиден, даўлардың түрлерине қарап судьяларды қәнигелестириў;

Ислердиң судта ашық көрип шығылыўы принципи мазмунынан келип шығып, төмендегише жуўмақ шығарыўымыз мүмкин : биринишиден, суд мәжлисинде судта жүргизилип атырған иске байланыслы болмаған, бирақ истиң көрип шығылыўында қатнасыўды қәлеген ҳәр қандай шахслар қатнасыўы мүмкин. Бирақ бул орында бир қатар шеклеўлерде болыўы мүмкин, мысалы, егер басшылық суд мәжилиси болып атырған зал тар болғанлығы себепли бундай шахслардың киргизилиўин шеклеў ҳаққында бийлик бериўи мүмкин; екиншиден, судта көрилип атырған ис материалларының жәрияланыў имканияты да бар болады. Суд залында қатнасыўшылар суд мәжилисинде болып атырған барлық нәрсени жазып алыў ҳуқықына ийе. Суд залында фото, кино ҳәм видео сүўретке алыўлары тек ғана ис бойынша басшылық етиўшиниң рухсаты менен әмелге асырылады. Жәриялықты кеңейтириў ушын зәрүр болған жағдайларда ғалаба хабар қуралларының хызметкерлери, жәмийетлик бирлеспелери ҳәм жәмәәтлик ўәкиллери шақырылыўы мүмкин.

Демек, суд ҳәкимиятын басқышпа-басқыш беккемлеп барыў, судтың еркинлигин тәмийинлеў, оны бурынғы системада болғаны сыяқлы

репрессия қуралы ҳәм жазалаў уйымы сыпатындағы орган емес, бәлким, инсан ҳәм пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин исенимли қорғаўға хызмет ететуғын шын мәнисиндеги ғәрезсиз мәмлекет институтына айландырыўға қаратылған кең көлемли шөлкемлестириў-ҳуқықый ис-илажлар әмелге асырылды

## Пайдаланылған әдебиятлар дизими.


1. Каримов И.А. Ўзбекистон: миллий истиқлол, иқтисод, сиёсат, мафкура. Т. 1. – Т.: Ўзбекистон, 1996.
2. Каримов И.А. Биздан озод ва обод Ватан қолсин. Т. 2.- Т.: Ўзбекистон, 1996.
3. Каримов И.А. Ватан саждагоҳ каби муқаддасдир. Т. 3. – Т.: Ўзбекистон, 1996.
4. Каримов И.А. Бунёдкорлик йўлидан. Т. 4. – Т.: Ўзбекистон, 1996.
5. Каримов И.А. Янгича фикрлаш ва ишлаш – давр талаби. Т. 5. – Т.: Ўзбекистон, 1997.
6. Каримов И.А. Озод ва обод Ватан, эркин ва фаровон ҳаёт пировард мақсадимиз. Т. 8. – Т.: Ўзбекистон, 2000.
7. Каримов И.А. Хавфсизлик ва тинчлик учун курашмоқ керак. Т. 10. – Т.: Ўзбекистон, 2002.
8. Каримов И.А. Биз танлаган йўл – демократик тараққиёт ва маърифий дунё билан ҳамкорлик йўли. Т. 11. – Т.: Ўзбекистон, 2003.
9. Каримов И.А. Бизнинг бош мақсадимиз – жамиятни демократлаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир. – Т.: Ўзбекистон, 2005.
10. Каримов И.А. Жаҳон молиявий-иқтисодий инқирози, Ўзбекистон шароитида уни бартараф этишнинг йўллари ва чоралари. – Т.: «Ўзбекистон», 2009.
11. Каримов И.А. Мамлакатни модернизация қилиш ва кучли фуқаролик жамиятини барпо этиш - устувор мақсадимиз. Президент Каримовнинг Ўзбекистон Республикасы Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенатининг қўшма мажлисидаги маърузаси. “Халқ сўзи” газетаси, 28 январь 2010. №19.
12. Каримов И.А. Асосий вазифамиз-ватанимиз тараққиёти ва ҳалқимиз фаровонлиги янада юксалтиришдир. Президент И.А.Каримовнинг Вазирлар махкамасининг 2010 йил 29-январь куни булиб утган мажлисидаги маърузаси. “Халқ сўзи” газетаси, 30 январь 2010. №20.
13. Каримов И.А. «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы». 2010-жылы 12-ноябрь Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа Мәжилисиндеги баянаты. “Халқ сўзи” газетаси, 14-ноябрь 2010.
14. Каримов И.А. «Ўзбекистон мустақилликка эришиш остонасида», -Т.: Ўзбекистон, 2011.
15. Каримов И.А. 2012 йил ватанимиз тарақиётини янги босқичга кўтариладиган йил бўлди Ўзбекистон Республикаси И.А.Каримовнинг 2011 йилнинг асосий якунлари ва 2012 йилда Ўзбекистоннинг ижтимоий иқтисодий ривожлантиришнинг устувор

йўналишларига бағишланган Вазирлар Махкамасининг мажлисидаги маърузаси// Халқ сўзи, 2012 йил 20 январь, № 14 (5434).
16. Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси. – Т.: Ўзбекистон, 2008.
17. Қарақалпақстан Республикасының Конституциясы.-Нөкис, «Қарақалпақстан», 2006.
18. Ўзбекистон Республикасининг Фуқаролик процессуал кодекси. Ўзбекистон Республикасы Адлия вазирлиги, 2001.
19. Ўзбекистон Республикасининг Жиноят-Процессуал Кодекси.-Т.:Ўзбекистон Республикасы Адлия вазирлиги, 2004.
20. Ўзбекистон Республикасининг Жиноят Кодекси.(2010 йил 1 октябргача бўлган ўзгариш ва қўшимчалар Билан). Расмий нашр. -Т.: «Адолат», 2010. -408 б.
21. Ўзбекистон Республикасининг Хўжалик Процессуал Кодекси.-Т., 2001.
22. Ўзбекистон Республикасининг Конституциявий суд ҳаққында 1995 йил 30-августдаги қонуни. Ўзбекистон Республикасы Олий Мәжлисининг Ахборотномаси, 1995 йил, 9-сон.
23. Ўзбекистон Республикасининг Конституциявий суд ҳаққында 1995 йил 30-августдаги қонуни. Ўзбекистон Республикасы Олий Мәжлисининг Ахборотномаси, 2001 йил, 1-2-сон.
24. Ўзбекистон Республикасининг «Судлар ҳаққында»ги Қонун (Янги таҳрири). Ўзбекистон Республикасы Олий Мәжлисининг Ахборотномаси, 2001 йил, 1-2 сон.
25. Ўзбекистон Республикасининг «Жазони ижро этиш муассасаларидан бўшатилган шахслар устидан ички ишлар идораларининг маъмурий назорати тўғрисида»ги 1992 йил 9 декабрь Қонуни. Ўзбекистон Республикаси Олий Кенгашнинг Ахборотномаси 1993 йил, 1-сон, 33-модда.
26. Ўзбекистон Республикасы Олий Суди Пленуми қарорларининг тўплами 2006-2008.-Т., «Шарқ», 2008
27. Ўзбекистон Республикасининг Конституциясига шарҳ. Масъул муҳаррир А.А.Азизхўжаев, Т.: «Ўзбекистон», 2008, 353-б.
28. Ўзбекистон Республикасининг Конституциясига шарҳ. Масъул муҳаррир А.А.Азизхўжаев, Т.: «Ўзбекистон», 2008, 353-б.
29. Мирбобоев Б., Пайзуллаев Б., Рустамбоев М., Тохиров Ф. Суд-ҳуқуқ тизими ислоҳотлари: янгича ечим ва ендашувлар.-Т., 2005.
30. Международные акты о правах человека. Сборник документов.-М.: Изд. Группа Норма-Инфра, 1999.
31. Муаллифлар жамоаси. Ўзбекистонда суд ҳокимияти: ислоҳатлар даври.-Т. «Адолат», 2002.
32. Рустамбоев М., Алламуратов А. Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси ва суд ҳокимияти.-Т., 2005.

33. Рустамбоев М., Тухташева У.А.Ўзбекистон Республикасида суд ҳокимияти ва суд-ҳуқуқ ислоҳоти: илмий-публицистик нашр –Т.: ТДЮИ нашриёти.
34. Тўлаганова Г.З. Жиноят процессида эҳтиет чораларининг қўлланиши муаммолари: Юридик фанлари номзоди .. дисс. Автореф.-Т., ТДЮИ, 2004.
35. Хусанов О. Ўзбекистон конунига шарҳлар. Ўзбекистон Республикасининг «фуқароларнинг ҳуқуқлари ва эркинликларини бузадиган хатти-ҳаракатлар ва қарорлар устидан судга шикоят қилиш ҳаққында»ги қонуни. Т., «Адолат», 1997.
36. Суд-ҳуқуқ ислоҳотларини янада такомиллаштириш жараёнида фуқароларининг ҳуқуқ ва манфаатларини ҳимоя қилишнинг долзарб муаммолари. –Т.: ТДЮИ, 2009. –Б.17-23.
37. Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси-изчил демократик ислоҳотлар асосо. (илмий-назарий конференция материаллари. 2-қисм). Тошкент-2010.

Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң юридика факультетиниң 4 курс студенти Нурымбетовтың «Суд-ҳуқық системасын реформалаўдың Конституциялық ҳуқықый тийкарларын жетилистириў машқалалары»атлы қәнигелик жумысына

БАҲАЛАЎ

Мәмлекетимизде демократиялық жаңалаўдың бүгинги басқышындағы ең әҳмийетли бағдарларынан бири, бул – нызам үстинлиги ҳәм нызамшылықты беккемлеў, инсан ҳуқықы ҳәм мәплерин исенимли қорғаўға қаратылған суд-ҳуқық системасын избе-из демократияластырыў ҳәм либералластырыўдан ибарат. Бир сөз бенен айтқанда, журтымызда ҳуқықый мәмлекет тийкарларын және де жетилистириў ҳәм халықтың ҳуқықый санасы ҳәм мәдениятын раўажландырыў биз ушын шешиўши ўазыйпа болып қалмақта. Ҳәзирги ўақытта мәмлекетимизде прокурор ҳәм адвокаттың теңлигин, жынаят ҳәм пуқаралық ислери бойынша суд хызметиниң барлық басқышларында өз-ара тартысыў болыўын тәмийинлеўге, әдил судлаўдың сапасы ҳәм жеделлигин асырыўға қаратылған кең көлемли ис-илажлар избе-из әмелге асырылмақта.

Суд ҳәкимиятының шөлкемлестирилиўи ҳәм әмел етиў тийкарларын белгилеўши бир қатар нызамлардың қабыл етилиўи сөзсиз жәмийетти демократластырыў барысындағы утыслар қатарына киреди.

Автор бул қәнигелик жумыста суд системасында әмелге асырылып атырған реформалардың әҳмийети ҳәм бағдары, олардың мақсетлери ҳәмде ўазыйпалары анық ҳәм түсиникли тәризде баян етилген. Усы менен бир қатарда онда өткизилип атырған реформалардың өзине тәнлиги ҳәм айырықша өзгешеликлерин ашып бериўге ҳәрекет еткен.

Нурымбетов өз ыәнигелик жумысты жазыўда көплеген әдебиятлардан, нызамлардан ҳәм норматив актларден пайдалана билген.

Улыўма, бул жумыс жақсы изертлеў мийнети ретинде талапларға толық жуўап береди, жақлаўға жибериўге ылайықлы деп есаплайман.

Илимий басшысы : ю.и.к., доц.Реймова З.А.

Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң юридика факультетиниң 4 курс студенти Нурымбетовтың «Суд-ҳуқық системасын реформалаўдың Конституциялық ҳуқықый тийкарларын жетилистириў машқалалары»атлы қәнигелик жумысына

П И К И Р

Улыўма юрисдикция судлары қәнигелестирилип, пуқаралық ҳәм жынаят ислери бойынша судлар шөлкемлестирилди. Бул өз нәўбетинде олардың жынаят ҳәм пуқаралық ислерин қәнигели тийкарда көрип шығыў, инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин толық ҳәм ҳәртәреплеме қорғаў бойынша хызмет нәтийжелилигин асырыўға хызмет етпекте.

Пуқаралардың суд арқалы қорғалыў кепилликлери қатаң тәризде күшейттирилди. Усы кепилликтен пайдаланыў имканиятларын және де кеңейттириўди тәмийинлеў бойынша үлкен көлемдеги ис-илажлар әмелге асырылды.

Бул қәнигелик жумысты жазыўда автор Өзбекстан Республикасында суд ҳәкимиятының қәлиплесиўи ҳәм судлар ислери бойынша қәнигелесиўи, суд ислерин жүргизиўдиң ҳуқықый тийкарлары илимий жақтан изетлеп анализлеген. Изертлеў даўамында Президент баянатлары ҳәм мийнетлери, Олий Мәжилис сессияларының материаллары, суд ҳәкимияты, Өзбекстан ҳәм шет ел ҳуқықтаныўшы илимпазлары пикирлери үйренилип, оларды миллий нызамшылығымызға енгизиў мәселелерине үлкен итибар берилген.

Жуўмақлап айтатуғын болсақ Нурымбетов тәрепинен орынланған жумыс қәнигелик жумысқа қойылатуғын талапларға толығы менен жуўап береди ҳәм оның ашық жақлаўы ушын мәмлекетлик аттестация комиссиясына жибериўге ылайық деп есаплайман.

Пикир билдириўши: Ю.и.к.доц. Гулимов А.